**ÆЗ ЦАГЪАЙРАГ ДÆН, ЗÆГЪГÆ, КУДДÆР ЗÆГЪАЙ, УОТÆ ДÆ УАЙТÆККÆДÆР ÆРБАУÆЙÆ КÆНДЗÆНÆНЦÆ!..**



*Ромен РОЛЛАН (1866-1944), францугаз финсæг: «Гъæуама адæймаг балæдæра, дуйней хецау æма исфæлдесæг ке æй, æма зæнхæбæл ци æнамонд хабæрттæ цæуй, уони туххæй дзуапдæттæг ке æй. Уæдта æ хуарз гъуддæгути фæрци царди ци кадæ æма ном ес, етæ адæймаги ке 'нцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№33 (1049) 2026 анзи 29 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**ЕУ ÆМА ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ, 1945 АНЗИ 2 СЕНТЯБРИ КÆРОНГОНД ÆРЦУДÆЙ ДУККАГ ДУЙНЕУОН ТУГЪДÆН**



СУДАКОВ Павели конд хузæ «Квантунаг æфсади капитуляци». Ист æй социалон хизæгтæй.

**Евгъуд рæстæгути цаутæ æма хабæрттæ зæрдæбæл дарун гъæуй, цæмæй, хуарзæн ни ци æнгъезуй райсун, уæдта си ци æверхъаудзийнæдтæй нæхе багъæуай кæнæн, уой зонæн. Дуккаг дуйнеуон тугъд 1945 анзи сентябри милитаристон Японийниддæрæнæй фæцæй æма уæхæн æверхъаудзийнадæ нæбал æрцæудзæнæй, зæгъгæ, нимад бæргæ цудæй, фал цанæбæрæг рæстæг рацудæй æма бабæй цидæр тугъдæзгелгутæ гъавунцæ нæуæг дуйнеуон тугъд разгелунмæ. Сæри зундæй киуд æнцæ, æндæра 'й зониуонцæ уой, æма уæхæнтти ирисхъæ куд рауайуй.**

**Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.**

**АРФÆ КÆНÆН!..**



## ХУÆРЗГÆНÆГÆН – ЗÆРДИРАЙ!..

Адæммæ бæрзонд цæстиварди ка 'й, дзиллæ боз æма арази кæмæй æнцæ, еци адæймагæн æ цийнæбæл куд нæ батабедзæ кæндзæнæ? Æма абони мах хъæбæр æхцæуæнæй арфæ кæнæн не 'мгустгæнæг, нæ зæрдтагон æрдхуард **Фидарати Астемури фурт Юрийæн** æ царди ахсгиаг цаубæл – æрæги, 23 августи ибæл исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи. Æнзтæн сæ бæрци кой нæ кæнæн – е уоййасæбæл ахсгиаг нæй. Ахсгиагдæр е æй, æма си уонæй алкедæр хуæрзæгъдауи гъуддæгутæй æнхæст ке 'нцæ.

Адæймагæй, æцæгæй лæгигъæдгун æй, зæгъгæ, зæгъун æнгъезуй, æ лæгдзийнæдтæ æхе адæми 'хсæн цæргæй, куд рабæрæг унцæ, уотæ си ку æскъуæлха æндæр рауæнти рæстмæ гъуддæгути фæдбæл угæй дæр, уоми дæр бæрзонд цæстиварди ку уа. Æма еци барæнæй ку æркæсæн Фидарати Юрийи цардиуаги хабæрттæмæ, уæд си фæууинæн уодзæнæй берæ ирд æвдесæнтæ. Уонæй еу – æ рæстæги ин аккаггонд æрцудæй кадгин ном «Республикæ Белоруссий æскъуæлхт журналист». Лæвæрд ма ин æрцудæй кадгин ном «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт журналист».

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Ци æгъдау итауай, дæ кадæ дæр – уомæ гæсгæ!..» Æма ди нæ бон федарæй уотæ зæгъун æй, дæ цардвæндаг федауй кадгин кæнуйнаг цаутæ æма хабæрттæй. Хуæрзгæнæг дæ æма зæрдирай уо!..

Фидарати Юрийæн арфæ кæнуни фæдбæл æрмæгутæ ба кæсетæ 7-аг фарсбæл.

**ИРИСТОНИ КАДÆ ÆМА НАМУС – НÆ НОМДЗУД АДÆЙМÆГУТÆ**

# ЦÆУЙ МА НЕРÆНГÆ ТУГЪД, АДЗАЛХÆССÆГ ТУГЪД...



*Дуккаг дуйнеуон тугъди фæуунбæл еу æма цуппаринсæй анзи ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл Цæгæрати Максими рохс ном дæр хумæтæги нæ имисæн. Устур Фидибæстон тугъди архайæг, е æхе ирисхъæй бавзурста, тугъд рæстзæрдæ адæмтæн цæйбæрцæбæл адзалхæссæг æй, уой. Æма ин мæнæ абони ци æмдзæвгæ «Цæуы ма хæст...» мухур кæнæн, е кæд 1944 анзи финст æрцудæй, уæддæр абони дæр ма æ зæгъуйнæгтæ æмзæлон æнцæ нæ доги уавæрти – адæмти знаги кунæг кæнун гъæуй мæлæтдзаг цæфæй.*

ЦÆГÆРАТЫ Максим

### ЦÆУЫ МА ХÆСТ...

***Мыртазты Барисæн***

Цæуы ма хæст.
Цæхæр арт судзы бæстыл.
Нæ сæрмæ бады даргъ фæндæгты рыг,
Мæлæт сырдау æрбахъуызы нæ фæрсты;
Нæ фæдыл зилы маргæйдзаг нæмыг.
Цæуы ма хæст.
Бындзарæй ризынц хæхтæ.
Æнкъуысы зæхх. Тыхджынæй ниуы уад.
Нырма бырсы фæстаджы стыр гæрæхты
Йæ риуы 'мбæрц Уæрæсейаг салдат.
Цæуы ма хæст.
Нæ сау аласа бæхтæн
Кæлы сæ фæздæг. Разæй лидзы сырд…
Джызæлæй раст Германы 'лгъыстаг зæхмæ
Тымыгъты дæр æнæ цæугæ нæ уыд.
Нæ уыд æнæ цæугæ!
Нæ маст фæйлыдта,
Нæ риу нын хордта адæмæн сæ зын.
Фыдгулы бын нæ ныййарæг кæй куыдта,
Уый нал фæразтой зæрдæтæ хæссын.
Нæ уыд æнæ цæугæ!
Нæ хоты хъарæг
Цыди нæ хъустыл. Ноджы цæстыл уад:
Сывæллæттæн уыд уацары сæ дарæг,
Кæйдæр фæсдуар æвæгæсæгæй мард…
Нæ уыд æнæ цæугæ!
Нæ райсомбонты
Цæмæй уыдаиккам сæрибары æвджид…
Æмæ бырсæм – нæ дзыллæйы хæстонтæ, –
Æрмæстдæр размæ. Азæлы нæ сидт…

***Венгри, 1944 аз***

*Цæгат Иристони адæмон финсæг Цæгæрати Николайи фурт Максими рохс ном æримисунæн ма ес еума рæуагæ – 27 августи æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1990). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 3-6-аг фæрстæбæл.*

*Мартин ЛЮТЕР (1483-1546), немуцаг ахургонд: «Амонд агорунтæбæл ка нæ иселлæг уй, етæ 'й тагъддæр иссерунцæ; уомæн æма, амонд ка фæййагоруй, уонæй феронх уй, дæхецæн амондбæл фæхху æст унмæ тæккæ растдæр мадзал – уой иннетæн агорун...»*

КÆСТÆРТÆБÆЛ АУОДУНÆЙ НÆ ФИДИБÆСТИ ИСОНИБОНИ ГЪОМУСАДÆН ФЕДАР БУНДОР ÆВÆРÆН


Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

# АХУРИ АНЗИ РАЙДАЙÆНМÆ – АЛЦÆМÆЙ ДÆР ЦÆТТÆ

Уæрæсей Федераций вице-премьер **Дмитрий Чернышенко** Мæскуй ци селекторон æмбурд исаразта, уой архайгутæ бундоронæй æрдзубанди кодтонцæ еумæйаг, астæуккаг профессионалон æма уæлдæр ахурадон уагæдæнтти ахури нæуæг анзи цæттæдзийнади хæццæ баст фарстатæбæл.

Мадзали архайдтонцæ Уæрæсей рохсади министр **Сергей Кравцов**, наукæ æма уæлдæр ахуради министри хуæдæййевæг **Еленæ Тумакова**, Уæрæсей субъектти сæргълæуугутæ, регионалон хецаудзийнади ахуради управленити разамонгутæ, Президенти Æнхæстбаргин минæвæрттæ федералон зилдти. Цæгат Иристони студийæй ма видеобастдзийнади фæрци æмбурди архайдтонцæ дзуапдæттæг министрадтæ æма ведомствити разамонгутæ.

Дмитрий Чернышенко сæрмагонд æргом раздахта сувæллæнттæ æма инфраструктури æдасдзийнадæмæ, кадртæ æма ахургæнæн киунугутæ фагæ ес æви нæ, уæдта кадгин линейкитæ куд арæзт цæудзæнæнцæ, еци фарстатæмæ. Алли сувæллони æдасдзийнадæ дæр сæйраг гъуддаг æй, æма уобæл еумæ косунцæ Медгъуддæгути министрадæ, Уæрæсей гварди æма регионтæ.

Æ радзубандий Дмитрий Чернышенко æмбурди архайгути зæрдæбæл æрлæуун кодта, ахургæнгутæн уæлæнхасæн агъази мадзæлтти туххæй Указ. Нур еци мадзæлттæ регионти практикон æгъдауæй гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ. Æма вице-премьер ахуради регионалон оргæнтæн бафæдзахста еци фарстамæ еудадзуг цæстæ дарун.

Идарддæр нæуæггонд цæуй ахурадон инфраструктурæ – сувæллæнтти рæвдауæндæнтти, скъолатæ, колледжтæ æма уæлдæр ахургæнæндæнтти. Нерæнгæ бал арæзт æрцудæй 1,7 мин скъолай. Сæрмагонд цæстдард цæуй университеттæ æма студентти æмдзæрæнти инфраструктури модернизацимæ.

Регионти разамонгутæн ихæсгонд æрцудæй еугур цæттæгæнæн мадзæлттæ дæр ахури анзи райдайæнмæ фæууун, линейкитæ гъæугæ уаваæрти исаразун, скъолати киунугутæ фагæ ес æви нæййес, уой исбæлвурд кæнун.

Рохсади министр Сергей Кравцов фегъосун кодта:

– Ахуради системæ еумæ райсгæй, ахури анзи райдайæнмæ цæттæ 'й. Уинæн, ахургæнгути ваканситæ дæр минкъийдæр ке кæнунцæ. «Роструд»-и бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, сæ нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 1,1 процентей бæрцæ, фари хæццæ рабаргæй.

Æмбурди архайдта нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** дæр, æма æ радзубандий загъта:

– Цæгат Иристон ахури анзи райдайæнмæ цæттæ 'й. Еудадзуг læмбунæг каст цæуй æдасдзийнадæ æма ахуради хуæрзгъæдæдзийнади фарстатæмæ. Сæ цæттæдзийнадæ син исбæлвурд кодта сæрмагонд къамис. Предметон къæбинети ес гъæугæ интерактивон ефтонгæрзтæ, компьютертæ, берæфадуатгун арæзтитæ. Еугур скъолати дæр ес тæвдæ хуæруйнаг исаразунæн гъæугæ уавæртæ.

Уомæй уæлдай, национ проект «Фæсевæд æма сувæллæнттæ»-йи фæлгæти республики идарддæр цæуй ахедгæ куст скъолатæ æма рæвдауæндæнтти бундорон цалцæгбæл.

Дзанайти Барис ма куд фегъосун кодта, уотемæй республики Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлой** унаффæй къуар хъæппæреси æнхæстгонд цæудзæнæнцæ. Зæгъæн, республикон программæ «Ахургæнæг – дæ фарсмæ» æригон ахургæнгутæн методикон амунддзийнадтæ райсунæн сæ кусти фæлтæрдгун ахургæнгутæй. Уомæй уæлдай ма ес фæндæ «Пушкини картæ»-й халдех исаразун регионалон программæ «Хетæгкати Къостай картæ».

АДÆМИ ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ – ЕУГУРПАДДЗАХАДОН АХСГИАГ ИХÆС



ХЪАЙТУХЪТИ Эльвирæ æма ТУАТИ Стэллæ.

# СÆ КУСТ ÆЙ АРФИАГ

Программæ «Гъæуун дохтир» («Земский доктор») æй, медицинон косгутæ кæми нæ фагæ кæнуй, еци гъæуун цæрæнуæттæмæ медицинон специалисттæ æрбаздахуни туххæй паддзахадон хъæппæрес. Дохтир, фельдшер, акушер æма медицинон хуæрæн паддзахадæ дæттуй еурæстæгон компенсацион феддон – 5 миллион соми, медицинон кустуати хæццæ фондз анзи си бакосуни туххæй бадзурд ку бафинса, уæд.

Дигори районi еуæй-еу медицинон специалисттæ еудадзуг нæ фæффагæ кæнуй, æма ин аци программæ хъæбæр фæййагъаз æй.

Районi поликлиники программæ «Гъæуун дохтир»-мæ гæсгæ нур дууæ анзи кардиологæй косуй **Туати Стэллæ**. Æхуæдæг Кирови районæй æй, 2014 анзи сугъзæрийнæ майдани хæццæ каст фæцæй скъола, 2020 анзи сурх диплом и хæццæ – Цæгат Иристони Медицинон академи. Ординатури фæсте фæллойни надбæл æрлуæдтæй Дзæуæгигъæуи дуккаг поликлиники кардиологæй, 2024 анзи июлæй фæстæмæ ба архайуй программи. Фиццаг бæнттæй фæстæмæ æхе бауарзун кодта æ бæрзонд профессион зонундзийнадтæ æма сæйгитæмæ зæрдиаг рахастдзийнадти фæрци. Аргъ ин кæнуй медицинон кустуати разамунд дæр. Æ зæрдибун архайди туххæй Туати Стэллæн лæвæрд æрцудæй ведомстви Кади гæгъæди.

Е 'мкосæг **Хъæйтухъти Эльвирæ** Къора-Уорсдонæй æй, каст фæцæй Цæгат Иристони Медицинон академий дзæбæхгæнæн факультет æма равзурста терапевти дæснийадæ. Ординатури ахури рæстæг æрвист æрцудæй Дзæуæгигъæуи æвдæймаг поликлиникæмæ, æма си косгæ байзадæй. 2023 анзи рацудæй профессион цæттæдзийнадæ пульмонологибæл нæ бæсти раззаг дæр уæлдæр ахургæнæндæнттæй еуеми – С.П. Боткини номбæл Мæскуйаг медицинон академий æма æнтæстгинæй куста терапевт æма пульмонологæй. Программæ «Гъæууон дохтир»-и нерæнгæ дуккаг мæйæ архайуй, æй фиццаг участоки терапевт, фал æхе цубур рæстæгмæ фæнзуйнагæй равдиста. Æ раздæри кусти бунатæй дæр Эльвири тухxæй арфитæ 'рцудæй.

Сахар Дигорай районi центрон сæйгæдони сæйраг дохтири ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Ботъоти Олеся** куд радзурдта, уотемæй 2024 анзæй 2026 анзи уæнгæ районi медицинон кустуатти программæ «Гъæууон дохтир»-и фæлгæти косунцæ æхсæз адæймаги. Туати Стэллæ æма Хъæйтухъти Эльвирæй уæлдай ма етæ 'нцæ Хъарман-Синдзигъæу, Дур-Дур æма станицæ Николаевскаяйи участокти терапевтæ **Цъопбойти Лаурæ**, **Тауасити Таймораз** æма **Хосроти Зæлинæ**, сæйгæдони хирургион хайади хирург **Дзубити Валери**. Анестезиолог-реаниматолог **Хъаирти Тимури** ба 'рхудтонцæ Тагъд агъази клиникон сæйгæдони реанимацион хайадæй. Уæхæн специалист сæ гъæуй, центрон сæйгæдони нæуæгæй сутки медæгæ еудадзуг кустгæнæн реанимацион службæ ке байгон уодзæнæй хæстæгæр рæстæг, уой тухxæй. «Сæ еугур дæр хъæбæр хуарз специалисттæ 'нцæ. Сæйгæдони разамунд æма районi цæргутæ сæ кустæй арази æнцæ», – фæббæрæг кодта Ботъоти Олеся.

Дигори районi центрон сæйгæдони администраци программæ «Гъæууон дохтир»-и фæлгæти гъавуй паллиативон хайади дохтир æма участоки педиатр æрбахонун Хъарман-Синдзигъæуи амбулаторимæ æма æ зæрдæ даруй, еци бунæттæмæ дæр ке 'рбацæудзæнæнцæ бæрнон, профессион æгъдауæй бæрзонд цæттæдзийнади хецау фæлмæнзæрдæ специалисттæ.

**Вероникæ ПАХОМОВА**

**Цæгат Иристони 3 сентябрь нимад æй террористон фудбæлахи амæттæгти имисæн Бонбæл. Еци бон ма бæрæггонд цæуй терроризми нихмæ тох кæнуни æмвæндæдзийнади Бон.**


Нæ номдзуд æфсæддон архайæг, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, инæлар ПЛИТИ Иссæ Иристони финсгути къуари хæццæ (дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй æртиккаг – ЦÆГÆРАТИ Максим).

# УÆЛАХЕЗИ УАЛДЗÆГ

*Куд Устур Фидибæстон тугъди архайæг, уотæ Цæгæрати Максимæн æ исфæлдистади уæлдай табугонд бунат аккагонд цудæй еци хъазауати рæстæгути цаутæ æма хабæрттæн, ирд æма берæвæрсугæй сæ исфæлгонц кодта æ аййевадон уадзимисти, публицистики. Уонæй кæцидæрти раздæр дæр мухур кодтан нæ газети, абони ба нæ фæндуй æримисун æ зæрдæмæгъаргæ уацтæй еуей…*

* * *

Гæрзефтонг адтæй фашистон Германи, æхе рагæй цæттæ кодта тогуарæн æстæрти цæунмæ. Уæлдай хъæбæрдæр ба æ билицъæрттæ хуардта, æ уодхæссæг кæмæй уидта, е 'знæгти сæйрагдæрбæл ке нимадта, еци Советон Цæдес бабун кæнунмæ – советон царди бундор фехалун, æ адæмтæй ин цагъартæ искæнун. Уомæй дæр хуæрз цубур рæстæгмæ, Европи берæ паддзахæдти æ буни куд тагъд рансаста, нæ бæсти дæр уотæ тагъд рауæрдунмæ гъавта. Фал сæнттæ æма æцæгдзийнади 'хсæн берæ будуртæ ес, æма советон æнсувæрон адæмтæ æмгъæлæсæй гъæддухæй загътонцæ:

«Кенæ мæлæт, кенæ сæребарæ!»

Æма фуртогмондагæй исæрра уогæй, адтæй нæ адтæй, уæддæр æ æрдонгтæ æрбампурстонцæ нæ Фидибæстæмæ. Радаргъ æнцæ бæгъатæр тохи бæнттæ. Знаг æмпурста размæ. Сугъдæнцæ нæ гъæутæ, нæ сахартæ. Сугъдæй, пеллон арт уагъта нæ ниййерæг зæнхæ. Сугъдæнцæ, сæ тæккæ цæттæбæл ка адтæй æма æфснайд ка нæма æрцудæй, еци мæнæуи хумтæ Украини, Белоруссий, Уæрæсей нигулæн хайии æгæрон будурти. Фунхтæнцæ Днепр æма Немæн, Днестр æма Вислæ, Дон æма Сау денгиз… Сугъдæнцæ Белоруссий, Брянски гъæдтæ. Знаги къилдунбæл арт æндзарстонцæ, рæмугътонцæ хедтæ, æфсæнвæндæгтæ нæ бæгъатæр партизантæ. Мастесгутæ… Уæхæн кадгин номæй сæ худтонцæ адæм. Æма æцæгæйдæр уæхæнттæ адтæнцæ. Ковпак, Федоров, Вершигора, Гришин æма ма нæ мастесгути берæ æндæр номдзуд раздзæугутæ. Дæсгай партизанти еугæндтæ дæрæн кодтонцæ знаги федæрттæ, æмрезæги си ризтæнцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ, сæ хъозонтæ.

Капитан Гастелло, фæскомцæдесон мастесгутæ Зоя Космодемьянская, Лизæ Чайкина, Олег Кошевой æма Валя Громова, Брести федар æма фашистон хуæдтæхгутæ фицъцагидæр мæлæтхæссæг бомбитæ кæбæл æргæлстонцæ, еци арæнтæгъæуайгæнгутæ, æ тоги фæстаг æртæхæй æ уарзон адæммæ фæстаг финстæг ка ниффинста, Дзотти еци лæхъуæн Лазæр, Иристони зæнхæбæл æ реугудурæй знаги федар ка исæхгæдта æма е 'мбæлттæн над ка райгарста, еци сибийраг æвзугъд лæхъуæн Барбашов, белоруссаг гъæуи немуцаг лæгсирдтæ удæгасæй ке басугътонцæ, еци сувæллæнттæ…

Гъо, берæ адтæнцæ уæхæн хабæрттæ æма цаутæ. Сæ рохс нæмттæ цетун кодтонцæ карз тугъдтитæмæ, маст есунмæ. Æма нæ артиллеристтæ сæ идардмæхсæн дзармадзанти гилдзитæбæл фехсуни размæ финстонцæ: «Гитлерæн Зоя Космодемьянскаяйи тухæй», «Фашистон лæгсирдтæн – нæ нийергути цæстисугти тухæй!..» Уотæ финстонцæ сæ бомбитæбæл нæ тæхгутæ дæр. Уæхæн финститæ ниуугъæтонцæ сæ тæссаг бампурстити фæсте знаги къилдуни нæ адæмон мастесгутæ. Еци карз дзурдти хæццæ исистадæй атаки нæ бæсти ирисхъæ æ усхъитæбæл кæмæн æрæнцадæй, еци бæгъатæр советон æфсæддон.

Уæхæн гъудити хæццæ лæудтæнцæ сæ кусти уæлгъос, хуæрзæригонæй æ фиди, е 'нсувæри ка райивта еци биццеутæ æма кизгуттæ. Уæдта, æ зæронди бæнттæ кæмæй райронх æнцæ, мормæ дæр сæ ка нæбал дардта, еци хестæртæ. Айдагъдæр еунæг æвдесæн, нæ Райгурæн бæсти уæззау карнæ, фæсфронт ци хестæртæ байзадæй, уони царди ци бунат ахæста, уомæн.

Ленинградi блокади рæстæги Володарскийи номбæл типографий зæронд косгутæй еу фурæстонгæй, фургутæй уотæ исæнæхъаурæ 'й, æма æ меднимæр загъта: «Цæун мæлунмæ. Кæд ма мæ хæдзарæмæ бахъæртон, уæд...» Рандæй. Æ фæстаг бонмæ ке байвардта, еци нæуæг æхснад хæдонæ æ уæле искодта æма æхе хуссæнбæл æруагъта. Берæ рæстæг нæ рацудæй, уотæ ба имæ е 'мбæлттæ фæззиндтæнцæ. Уомæй уæлдай типографий матрицитæ ка искодтайдæ, уæхæн нæ адтæй. Лæг исистадæй. Е 'мбæлтти фæрци рандæй типографимæ, æ куст исæнхæст кодта æма уоми рамардæй…

Ци ма фæууй лæгдзийнадæ? Куд ма ес хæстæгдæр райсæн зæрдæмæ Райгурæн бæсти карнæ. Кенæ ленинградаг минкъий кизги бонуг, æ тетрад… Кизгæн æ хеуонтæ, æ зонгитæ еугайлæй куд мардæнцæ, еци хабæрттæ е 'ргъæвст къохæй кæми фæффинста, еци тетрад… Зæрдæ нирреzуй, цæстисугтæ ниггæр-гæр кæнунцæ. Æма еугæйттæ ку адтайуонцæ, еци сувæллони хузæнттæ! Уомæн æ бонуг цидæр амæлттæй гъæуайгондæй байзадæй. Фал æ бон еу дзурд искæнун дæр кæмæн нæбал бацæй, æвдесæн кæмæн нæ байзадæй, етæ ба? Цæйбæрцитæ адтæнцæ фашисте пецти ке фæссугътонцæ, ауиндзæнтæбæл ке фæййауигътонцæ, етæ.

4

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УАЙДÆ!..



Рагон бердзейнаг номдзуд финсæг Эзопмæ ес мæнæ ауæхæн таурæхъ. Цæветтонгæ, æнæлæдæргæ цæрæгойтæ еуумæхæни æрæмбурд æнцæ æма сæ дзийнæдтæ æвдесунтæ байдæдтонцæ. Маймули сæ еугуребæл дæр фæуухлахез æй кафунæй, æма 'й паддзахæй равзурстонцæ. Робас имæ соцъайæй мардæй, бæлдтæй ести хузи 'й бадæлæнсун. Гъема дин еухатт еу къæппæги фиди карст ку фæуунидæ.

Маймулий имæ басайдта, хæзнатæ, дан, иссирдтон æма сæ мæхуæдæг нæ рахастон, дæуæн сæ кадгин лæварæн ниуугътон, зæгъгæ. Бахезæ медæмæ æма, дан, сæ дæхуæдæг райсæ. Маймули цæмæй сайтан адтæй, байгъуста робасмæ – æма 'й къæппæг æрцъапп ласта. Ци сайд ибæл æрцудæй, уой ма бæргæ балæдæрдтæй, бæргæ ма хъæбæр истингун æй робасмæ, фал…

Уæд ин робас уотæ: «Гъе, уæууæй, маймули, уæууæй!.. Уæхæн зунди хæццæ цæрæгойтæн паддзахеуæг кæнунбæл исарази уо!..»

* * *

*Адæмти ирисхъити дæр фулдæр хæттити уотæ нæ рауайуй. Евгъуд æноси 30-аг æнзти Германий дзиллæ уоййасæбæл æнæлæдæргæ разиндтæнцæ, æма сæхецæн разамонæгæн ци маймулий æнгæси равзурстонцæ, еци фæлхæрст син сæхе дæр фудбæлахи къæппæги исмедæг кодта, уæдта æндæр бæстити адæмти дæр æверхъаудзийнæдти амæттаг фæккодта. Хуарз æма ин Советон Цæдес кæрон искодта æма си адæмти фæйиервæзун кодтонцæ.*

*Иннæ маймулий æнгæс нæ нури доги, Украини сæргъи æрлæугæй, цидæр «робæсти» ардудæй адæмти багæлдзуйнаг æй æртиккаг дуйней къæппæги. Æма ин æхе æма æ ахæлгути фудвæндитæй маци рауайа, уобæл бабæй архайуй Уæрæсе, не 'хсаргин тугъдонтæ.*

**Гай Саллюсти КРИСП, рагон ромаг историк æма политик: «Цийфæнди тугъдæн дæр æ райдайун æнцон æй, æ фæуун ба хъæбæр зин…»**



* * *

Украини нури тæбæртæцæгъдæг разамонгутæ æма сæ еуварсæй ахъелгутæ Уæрæсей нихмæ тугъд бæргæ æнцонтæй ракъахтонцæ, фал син æ фæуун хъæбæр зин иссæй – Уæрæсебæл фæуулахез унæй син ке неци рауайдзæнæй, е си кæд баруагæс æй, уæддæр сæ еци къотурбæл басæттун ба, æвæдзи, сæ сæрмæ нæ хæссунцæ. Фал, цидæр фæккæнонцæ, уæддæр исарази уин багъæуодзæнæй. Уой дæр – Уæрæсей куд фæндуй, уотемæй.



**ПЛУТАРХ, рагон бердзейнаг философ: «Уæлахезмæ тундзæн нæййес, цæбæл си фæхххуæст унмæ гъавис, етæ дæ къохи цъамар миутæ æма фудракæндти фæрци ку æфтуйуонцæ, уæд…»**

* * *

Куд раздæр, уотæ нури рæстæгути тугъдтитæ ка разгелуй, уонæн сæ бæлдæ фæууй сæхецæн ести пайдатæбæл фæхххуæст ун, æма уомæ гæсгæ ба сæ архайд фæууй æнæгъæнæйдæр цъамар миутæ æма фудракæндтитæ. Уомæн æвдесæн – Украини абони тугъдмондаг разамунд ци æверхъаудзийнæдтæ аразуй, е.

**Уильям УЭСТМОРЛЕНД (1914-2005), америкаг инæлар: «Тугъд тугъдонтæ нæ райдайунцæ. Тугъд райдайунцæ политиктæ…»**



* * *

Аци хуарз загъд раст ке æй, е æруагæс кæнуй – ци куд æй, уой тугъдон лæгæй хуæздæр ка зондзæнæй! Абони ахъелгутæ фулдæр æнцæ, унаффи барæбæл ка фæхххуæст уй, еци политиктæ сæ гæбæр зундирахаст уотæ «исирайуй», æма, рæстмæ гъудаг исаразунгъон нæ уогæй, уæддæр ести хузи нæ ном райгъусæд, зæгъгæ, тугъдитæ-æзмæнститæ разгелунцæ. Æма æвуд адæмти æверхъаудзийнæдти тъуфулти исмедæг кæнунцæ.

**Зундгонд советон композитор, Цæгат Иристони АССР-и æма УСФСР-и аййевæдти æскъуæлхт архайæг Гæбæрати Гаврили фурт Илийай райгурдбæл 1 сентябри æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1926-1993).**

***ÆГЪУЗАРТИ Саукуй (1943-2013), финсæг, публицист: «Цæгæрати Максим… Ирон дзурди дæсни. Æ дессаги рæсугъд æвзаг æхемæ ка сайдта, еци разагъди финсæг. Зудтон æй. Æ хæццæ кустон. Еу цæнхæ æма кæрдзин фæххуардтан. Кæд си берæ кæстæр адтæн, уæддæр нæмæ буцæутæ дæр рауайидæ, фал еци дирзæг дзубанди дуккаг бон феронх уидæ.***



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

# УÆЛАХЕЗИ УАЛДЗÆГ

Курски тугъди хуæдразмæ 1943 анзи сæрди нæ афицертæй еу финстæг райста сæхецæй. Финста имæ æ мадæ, зæгъгæ, Хуцауæй арази Сурх Æфсади фæрци немуцæй фæййервазтан. Æрра берæгъти тард сæ фæккодтонцæ. Гъæуи ма фондз уоси æма дууæ зæронд лæгемæй байзадан. Иннети… Дæ зæрдæ дин ресун кæнун. Нур нин нецæмæй бал æй тæссаг. Хумæ бакодтан… Финстæги хæццæ къарæ дæр адтæй. Еу фудхуз гъоги фæйнæ фарси уоститæ цуппаремæй сæхе готони исефтигътонцæ, фæндзæймаг уосæ ба готонбæл хуæстæй.

Уоститæй сæ еу адтæй биццеуи мадæ. Къарæ къохæйкъохмæ рацудæй. Куд дзурдтонцæ, уотемæй кадæр къарæ цалдæр исти искодта æма синхаг æфсæддон хаймæ дæр бафтудæй. Кастæнцæ имæ. Дзоргæ неци кодтонцæ, фал сæ цæститæбæл бæрæг адтæй, се 'мбали хузæн уонæн дæр сæ ниййергутæ сæ зæрдæбæл ке æрлæудтæнцæ.

Уой фæсте адтæй карз тугъдтитæ. Нæ танкисттæ равдистонцæ устур бæгъатæрдзийнадæ – Гитлер æ сæр бæрзæндти кæсгæй хаста, Сталингради фæсте ни æ маст райсунмæ ци «Тигртæ» æма «Пантеритæй» гъавта, етæ дæрæнгонд æрцудæнцæ.

Æвæдзи, еци уæлахези адтæй не 'мбæлттæн сæ ниййергути тæрегъæд дæр.

Ниййергути тæрегъæд… Райгурæн бæсти тæрегъæд, æ зинтæ, æ содзгæ гъæдгинтæ… Уонæн идарддæр бухсæн нæбал адтæй æма арви гъæрау райгъустæй тингун æма карз бардзурд: «Фæстæмæ еу къахдзæф дæр нæбал!..»

Аргъæутти уæйугау иситадæй советон æфсæддон. Æнсæндгæ, дæрæнгæнгæ рацудæй цифуддæр знаги, æ лæгдзийнадæ, æ бæгъатæрдзийнадæмæ æркæсун кодта дуйнети. Знаг мисти цъасæ агурдта, æ уод иста æхе зæнхæбæл дæр.

Уæдта æрцудæй Уалдзæг. Уæлахези Уалдзæг. Адæмти, сæребарæдзийнади Уалдзæг. Фудбони тугъд ка ракъахта, уонæн тугъди арти басугъдæнцæ сæхе сæртæ, сæ сæнтти хæццæ, сæ рунти хæццæ. Æ цæфтæн хонхи хузæн федар ка адтæй, æ риститæбæл та некæд цæстисуг æркалдта, еци советон æфсæддон кудтæй æ уæлахези цийнæй. Кудтæй нæ бæсти адæмти минæвæрттæ сæ еумæйаг Уæлахези цийнæй, хæлардзийнадæ, æнсувæрдзийнадæ ке фæууæлахез æй, уони цийнæй.

Зæнхæбæл ци устурдæр тугъд æрæнцадæй, гъе уоми аланти байзайæггæгти тог дæр никкалдæй…

Тугъди бæнтти райгурдæнцæ берæ базургин дзурдтæ. Æма си сæрустур адтæнцæ, нæ райгурæн бæсти иннæ адæмти ахсгиаг бæгъатæрти хæццæ карз тугъди размæ ка æмпурста, еци иристойнаг фæсевæд. Тугъди бæнтти райгурдæнцæ уæди нæуæг зари дзурдтæ дæр: «Æзини æхсæви Берлини устур гъæунги ирон симд æркодтан…»

Фашистон лæгсирдти лæгæт – Берлини устур гъæунги æ уруссаг, гурдзиаг тугъдон æнсувæрти хæццæ нæхердигон кафт ракодта нæхе биццеу дæр. Æ адæми номæй. Сæрустурæй.

Æма куд нæ… Минкъий Иристонæй тугъди будурмæ рандæй 84 мин адæймагемæй фулдæр. Алли фæндзæймаг адæймаг. Уонæй 60 мин адæймагемæй фулдæремæн лæвæрд æрцудæй паддзахадон хуæрзеугутæ. Беретæ си райстонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном, иссæнцæ инæлартæ, тугъдон разамонгутæ.

Нæ республики фæллойнæгæнгутæ сæ сæр бæрзæндти хæссунцæ Плити дууæ хатти Бæгъатæр инæлар Иссæй, Хетæгкати Бæгъатæр инæлар Геуæргийæй, Мамсурати Бæгъатæр инæлар Хаджиумарæй, Дзусати Бæгъатæр Ибрагимæй, Билаонти æскъуæлхт инæлар Павелæй…

Иристонæй Устур Фидибæстон тугъдмæ ка рандæй, уонæй 40 минемæй фулдæр сæ уодтæ равардтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, фæстæмæ нæбал исæздахтæнцæ сæ фидиуæзæгмæ Гæздæнти авд æнсувæри, Темурти æхсæз лæхъуæни, Хъалæгати Хангуасси фондз фурти, Дигори Дадзой æхсæз цæргæси… Финддæс мадæ æма фидемæн сæ бæдæлттæ фæндзгæйттæй нæбал исæздахтæнцæ тугъди будуртæй. Цуппæргай фурттæ кæмæй бастъалдæй, етæ ба 'нцæ дууæ æма дууинсæй.

Мадта æ еунæгмæ ка фенгъæлмæ кастæй, еци мадтæлтæ ба цæйбæрцæ адтæнцæ? Зæрдихæлд фæцæнцæ етæ дæр. Сæ фулдæр фæффудевгед æнцæ сæ еугай хъæболтæй. Бæдолæй уæлдай нæййес. Еу уа, авд уонцæ – алке дæр си мади зæрди буни райгуруй, алкедæр си цæрунæн исæнтæссуй.

Цал æма цал миллионтæ цæрунгъæуагæ уоди фæххаста æлгъистаг тугъд. Нæ адæми хуæздæртæй. Не 'нгъæлдзаутæй. Уогæ мадтæлти зæрдити нæ рамардæнцæ. Мæйдар æхсæви гъæунгæй минкъий æзмæлд ку æрбайгъусуй, уæддæр æ хуссæни хæрдмæ фесхъеуй, кæд мæ бæдæлттæй еске фæззиндтæй, зæгъгæ.

Æма Уæлахезæй æздахтæнцæ фæллад тугъдонтæ сæ райгурæн бæстæмæ. Уалдзæг адтæй æ тæккæ тæмæни. Зæнхæ цетæ кодта зæнхкосæгмæ. Заводтæ æнгъæлмæ кастæнцæ, цуппар анзей размæ фæдеси ка рандæй æма нур Гитлери æлгъистаг сæр æд фудвæндитæ, æд кæлæнтæ саудæлзæнхæ ка фæккодта, уонæмæ.

Зæнхæ æ гъæдгинтæ нæма бадзæбæх кодта. Топпихуаси хъуæццæ нæ рандæй. Сугъд гъæдтæ. Сугъд æма пурхæ сахартæ. Ихæлд хедтæ. Сугъд æма дæрæнгонд гъæдтæ. Украини, Белоруссий никкæндити, партизанти сосæг цæрæнти сæрмæ бадтæй æзиниккон хъуæцæ. Æнæгъæнæ гъæутæ – æнæ еу цæрæн хæдзарæ, æнæ еу рохси цъирт…

Цæйбæрцæ кæнуйнæгтæ адтæй! Цæйбæрцæ гъуддæгутæ кастæнцæ æнгъæлмæ, æ рист кæмæн нæма иссудæй, еци тугъдонтæмæ!

Нæ фагæ кодта косæнгæрзтæ, аразæн æрмæг, машинттæ, трактортæ, уæледарæс, хуæруйнаг. Фæстугъд фиццаг уалдзæг! Бон нæ фагæ кодта адæмæн. Бæнттæбæл бафтудæнцæ мæйрохс æхсæвтæ, боницъæхтæ. Зæнхкосæгæн æхсæви дæр æ фуни æ цæститæбæл уадæй æ конд хумæ, мæнæуи хумтæ…

Æ сæрмæ – сабур æма кæдзос, æнæгъæргæнгæ арв. Не 'гъустæй æдзæллаг уодти уæззау гъæрзун. Айдагъдæр – готони къæс-къæс, фæллад галти хæстуолæфт, дæнтти сур-сур.

Сауцъеути зарун… Уæлахездзаутæ… Ервæзунгæнгутæ… Мæлæтæй… Цагъари къæлæтæй… Æности ходуйнагæй… Уотæ худтонцæ советон адæми еци бæнтти еугур дуйней дзиллитæ. Уæхæн устур æма кадгин номæй худтонцæ еци бæнтти мах не 'знæгтæ дæр æма сæ цæстити фиутæ тадæнцæ нæ лæгдзийнадæмæ.

Æмцæдесонтæ – уотæ хундтæнцæ уæд Америки Еугонд Штаттæ æма Англис. Не 'мцæдесонтæ. Не 'знаг дæр адтæй еу – фашистон Германи. Нæ тохи нисан дæр адтæй еу: тугъдæн айдагъ æхе нæ, фал æ кой дæр æностæмæ, рабурæн кæцæй нæ уа, уæхæн арф цирти амæттаг бакæнун. Æма ибæл нæ хецауадæ дзурдта æргомæй, федарæй. Дзурдтонцæ етæ дæр, æцæг æнæбари. Сæ фæндтæ, сæ нисантæ ба адтæнцæ æндæр. Никки Европи паддзахæдтæй дæр беретæ сæхе барвæндонæй æвзурстонцæ æндæр царди нæдтæ – фæссурдтонцæ сæ тогцъирти, царди хецæуттæ иссæнцæ фæллойнæгæнæг дзиллитæ. Социализми амондхæссæг надбæл федарæй æрлæудтæнцæ Болгари, Венгри, Румыни, Польшæ, чехтæ æма словактæ, Германий Демократон Республики фæллойнæгæнгутæ.

(**Редакцийæй**. Цæгæрайфурт ци рæстæгути кой кæнуй, уæд уотæ бæргæ адтæй, фал абони ба еци бæстити разамунд дзæгъæлтæ кæнун бабæй байдæдтонцæ, æнæсæрфат нæдтæмæ иселлæг æнцæ…)

Уотæ ка гъуди кодта, Советон Цæдесæн æ тухæ, æ хъаурæ басæтдзæнæнцæ, ислæмæгъ уодзæнæй, зæгъгæ, уонæн сæ сæнттæ фæссинк æнцæ. Исистадæй, æ домбай иуæнгтæ фæйнердæмæ райвазта нæ Райгурæн бæстæ, æ кадæ, æ намус, æ бæгъатæрдзийнадæ иссæнцæ зарти заруйнаг, кадæнгити кæнуйнаг. Сталинград, белоруссаг минкъий гъæу Хатынь, Брести федар, ленинградтæгти уодуæлдай тох, советон тугъдон… Еци æрдхуæрæни нæмттæ цъухæйцъухмæ цудæнцæ еугур дуйней дзиллити 'хсæн, сæрустур си адтæнцæ дуйней рæстзæрдæ адæмтæ. Уæдта фæстæдæр уонæй беретæ сæхе цæститæй фæууидтонцæ Павлови хæдзарæ, Мамайи обауи дессæгтæ, Хатыни æдзард циртдзæвæнтæ, сæ сæртæ æрниллæг кодтонцæ Пискареви æнсуварон уæлмæрдти мингай ингæнти рази. Уæдта, фæстæмæ сæхемæ ку раздахтæнцæ, уæд се 'мбæстонтæн радзурдтонцæ сæ еци уæззау хабæрттæ.

Фал дуйней дзиллитæ сæхе цæститæй кæми фæууидтайуонцæ, советон адæм ци гъезæмæрттæ бавзурстонцæ се 'стур Уæлахез сæ къохи ци зинтæй бафтудæй, уой. Никки ма арвбæл фæстæмæ зиннун байдæдтонцæ сау мегъи къубулойнитæ. Черчиллтæ, Трементæ æма уони хузæнттæ сæ сæртæ исдардтонцæ – Советон Цæдеси, социализми надбæл ка нилæудтæй, еци æригон бæстити нихмæ тох иссæй сæ сæйрагдæр нисан. НАТО, СЕАТО æма никки æндæр къуæрттæ, æндæр цъифкалгутæ, æндæр хахургæнгутæ сæ цæсгæнттæ исуагътонцæ. Сауæнгæ ма, гитлерон фашизми нихмæ нæ къохи ци устур Уæлахез бафтудæй, уой дæр сæхердигонау фæмминкъийдæргæ кæнунвæндæ искодтонцæ, мах си сæйрагдæр адтан, зæгъгæ, алли фæлтæрæнтæ исистонцæ.

Фал… Тикиси къах цубур æй. Дуйне зонуй нæ рæстдзийнадæ. Зонуй, Европи адæмти фашизми тогæйдзаг дзæмбути бунæй ка исрæдувта, уони дæр. Етæ ба берæ адтæнцæ. Хъæбæр берæ.

Адæмти рохс исонибонбæл, цæмæй зæнхæбæл сабурдзийнадæ ниффедар уа, тугъди арт макæдбал исервæза, уой сæрбæлтау æ ирæзгæ уодтæ ка равардта, еци ардбæллон фæсевæд, æмгъудæй берæ раздæр ке сæртæ исуорс æнцæ, еци хестæртæ. Мингæйттæй байзадæнцæ етæ Европи будурти, гъæути æма сахарти. Кæми – æнсуæрон циртити, кæми ба – еугæйттæй, дугæйттæй æвæрд циртити. Лæгдзийнади, хæлардзийнади, æнсувæрдзийнади æнæмæлгæ æвдесæнтæй. Æма чехаг мадæ, кенæ польшаг зæронд лæг, болгайраг сувæллон, кенæ румынаг кизгуттæ, венгриаг ахургæнæг, кенæ славакаг скъоладзау зингхуст советон æфсæддони цирти уæлгъос сæ сæртæ ку æркъолæ кæнунцæ, нæуæг тунд дедегутæ ибæл ку исæвæрунцæ, уæд сæ меднимæр фæззæгъунцæ: «Уæ кадæ муггагмæ байзайдзæнæй цæргæй…»

**Не 'мзæнхон номдзуд тугъдон тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Карасев Александр Никити фурти райгурдбæл 30 августи æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1916-1991).**


Советон доги нæ литератури бæрзонддæр къæдзæхтæ: Сергей МИХАЛКОВ, Расул ГАМЗАТОВ æма ЦÆГÆРАТИ Максим.

*ЦÆГÆРАТИ Максим*

## РАЗМÆ!..

Фæсарæфтæ, фæззигон бон – гъунтъуз æма мæтъæл. Дзармадзанти уæззау нæрун уайтæккæ фæппурх уй сабур думги уозæлæнти. Хæстæгæй игъусуй пулеметти къæр-къæр. Надбæл еци æскъæрæги уайунцæ хуæдтолгитæ, фестæг æфсæддонтæ æма бæхбæлбадгутæй сæ тæккæ идзаг, уотемæй... тагъд кæнунцæ размæ...

Мæнæ соса надæй еуварсгомау минкъий туппурбæл бæласи буни æ цъæх бухар ходи, æ сау сæрак пъæлитой лæууй Иссæ æма кумæдæр æдзинæг кæсуй. Бæрæг æй, цæбæлдæр ке тухсуй. Разæй дони иннæ фарс – венгриаг гъæу. Содзунцæ кæройнаг хæдзæрттæ æма сæ сау хъуæцæ нидздзæгъæлтæ 'й арвбæл.

Тухсуй Иссæ... Мæстгун кæнуй цæмæдæр. Æма куд нæ тухса, абони сæумицъæхæй нуриуæнгæ æ хъазахъæгти дууæ полкки тох кæнунцæ устур цæугæдони билгæрон. Размæ æмпурсунæй син нецибал æнтæсуй. Æ тугъдонтæ еуæй-еу рауæнти бæргæ исистунцæ размæ рампурсуни зæрдтæй, фал бабæй сæбæл знаг уайтæккæдæр минитæй, дзармадзани нæмгутæй ехуарæгау дорадзагъд исаразуй. Ци гæнæн ма син фæууй, æма æрхити ауæнтти сæхе æрримæхсунцæ фæстæмæ.

Гъæу пеллон арт уадзуй, фал цума немуцæн сæ уод айдагъдæр еци минкъий гъæубæл лæууй, уой хузæн ибæл ниццæггаг æнцæ. Цæугæдони сæрти хедтæ фехалдтонцæ. Гъæуи бакомкоммæ ма ци зубути еунæг хед байзадæй, уой буни ба минитæ байвардтонцæ. Цалдæр артиллерион батарейи æнæсцохæй æхсунцæ æ бацæуæнтæ. Æставднæмуггин пулеметтæ ба ин æ фаллаг фарси æрæвардтонцæ æма етæ, хедмæ хæстæг еске ку фæззиннуй, уæд баст æрра куйти хузæн «рæйунбæл» фæццалх унцæ.

Æрæги-дурæги, æ уæлгъос æрбалæудтæй æригон майор. Æма, карз хæстуолæфт кæнгæй, радзурдта:

– Æмбал гвардий инæлар, хед минитæй ракæдзос кодтан!..

– Хуарз, – æ цæсгон фæррохсдæр æй, – уотемæй загъта Иссæ. – Артиллеристтæн зæгъæ, æма гъæуи æндаг фарсмæ, рацæуæнтæмæ хъæбæрдæр æхсонцæ.

– Игъосун! – дзуапп равардта майор æма ецирдæмæ фæннæхстæр æй.

Иссæ ма фæстаг хатт венгриаг гъæубæл æ цæстингас рахаста, уæдта æ адъютантмæ фæдздзурдта:

– Мæ бæх мин!.. Рæвдзæдæр!..

Адъютант æй куд нæ балæдæрдтæй, Иссæ бабæй цидæр ке исфæндæ кодта, уой, æма фæстæтæрæ кæнунмæ бæргæ гъавта. Фал имæ æхе фæззилдта æма никки карздæрæй фæгъгъæр кодта:

– Æз кæмæ дзорун?.. Мæ бæх!..

Адъютант нецибал загъта, хъæбæр æнæбарийæй фæннæхстæр æй, минкъий æндæдæр æрхи бæх кæми лæудтæй, ецирдæмæ. Цæстифæнникъулдмæ æд бæх фæстæмæ фездахтæй.

– Æз цæун!.. Полкти командиртæн зæгъæ – гъæуи цæгатварси сæмæ æнгъæлмæ кæсдзæнæн...

Иссæ цæргæси хузæн истахтæй æ игæрхуз байрагмæ æма еци-еу æскъардæй фæййагайдта размæ.

Уæд дин кæцæйдæр лæф-лæфгæнгæ фæззиндтæй Исси хуæдæййевæг болкъон Юрченко. Адъютантбæл æ пурхæ ракалдта:

– Цал хатти дин зæгъун гъæуй?.. Ести ибæл ку 'рцæуа, уæд дин æз дæ рагъдзар растъегъдзæнæн!..

– Ци ин мæ бон адтæй?! Зæгъун, кæд тагъддæр фæззиннисæ æма 'й ду бауорамисæ, зæгъгæ, уой æнгъæлæй фæдфæлевæнтæ бæргæ кодтон, фал... Уæхæн тъæлланг мæбæл фæккодта, – æхе ма бæргæ рæститæ кодта адъютант.

– Тъæлланг... Æма æ фæдбæл хæлеуцъухæй байзадтæ... Нур ба ма ибæл хуæцæ... Раздахæ 'й фæстæмæ... – сагъæсхузæй хъур-хъур кодта Юрченко æма æ къох мæстгун рæуигъд ракодта, уотемæй е дæр гъæуи 'рдæмæ ниййарцæ 'й, æ бæзгин гъæлæс ма уæлдæфи райзæлдæй:

– Мæ фæдбæл!.. Размæ!..

Хъазахъæгти корпуси политикон хайади хецау болкъон Юрченко хуарз зудта, уæхæн сахат Исси фæсте байзайун ци æй, уой, æма адъютантмæ дæр уой фудæй уотæ зустæй исдзурдта. Нур ба Исси бабæй сорун багъæудзæнæй, агорун. Е ба æнцон нæ фæууй уæхæн рæстæги.

Цæугæдони билгæрон нæхеуæнттæй кадæр æ автомат бæрзонд исиста, æма æ тухæ-æ-бонæй гъæр кодта:

– Ра-а-з-мæ!.. Командæгæнæг донуордæг фæцæй!.. Ра-а-з-мæ!..

Æфсæддонтæ нихxæррæтт кодтонцæ. Ка – хедбæл, ка – донбæл... Бæстæ гъæр, гæрах иссæй... Топпихуаси хъуæцæ уолæфæнтæ æхгæдта...

Æ маузер æ къохи, уотемæй размæ фати хузæн тæхуй Иссæ æ игæрхуз байрагбæл. Мæнæ фæххæстæг кæнуй хедигъосмæ... Бæх размæ æ уоди бицъинæг тонуй. Кæройнаг хæдзарæй рагæпп кодтонцæ знаги цалдæр æфсæддони. Дууæ си уайтæккæдæр фæууæлгоммæ 'нцæ. Е Исси маузер æ кусти карзи бацудæй. Немуцæгтæ цалдæремæй фæкъкъуар æнцæ. Иссæ сæ фæдбæл... Фиццаг... Дуккаг... Æртиккаг... Хаунцæ кезугай... Ледзунцæ уодаистæй немуцæгтæ...

Мæнæ еу хæдзари фæсдзæгатæй гъæунгмæ, æ къохи даргъгъæдæгин гранат, уотемæй расæррæтт кодта немуцаг афицер. Ци 'рцудæй, уомæн неци лæдæрдтæй æма сæлхæри ракæсæ-бакæсæ кæнуй. Бæласи аууон æхе раримахста. Зæнхæбæл æрхъан æй. Уæдта, æ гранат дæр си феронх æй, уотемæй рæзæдони 'рдæмæ ниццавта. Фæстæмæ фæккæсунмæ дæр æй нæбал евдæлуй... Берæ ин нæбал бантæстæй – хæрдмæ фесхъиудтæй, кинзелæ никкодта æ медбунат æма æ къемботтæ размæ бахаста.

Иссæ ма имæ еу каст фæккодта æма æ бæх цæхгæрмæ гъæунги 'рдæмæ фæззилдта.

Оперативон къуарæй Исси фæдбæл ма хеди сæрти ка æрбайервазтæй, етæ знаги æфсæддонтæй кæдзос кодтонцæ гъæуи кæройнаг хæдзæрттæ. Исси байраг исфинкæ 'й, еугур дон фестадæй.

Уæлахези цийнæ æ тухгин базуртæбæл идарддæр хаста Исси хъазахъæгти. Знаг лигъдæй Венгрий æфхуæрд зæнхæй. Æ фæсте уагъта сугъд будуртæ, æдзæрæг гъæутæ, сахарти сау æртхотæг, адæми уæззау хъонц æма тæрегъæд.

Абонсарæй уойбæрцæбæл карз тох ци гъæубæл фæккодтонцæ, е фæсте райзадæй. Разæй – нæуæг гъæутæ, нæуæг сахартæ, нæуæг нæдтæ. Етæ æнгъæлмæ кастæнцæ Советон æфсæддонмæ, сæребарæмæ.

Сæребарæ ба æнæмæнгæ уодзæнæй!.. Æ карди комбæл, æ хуæцæнгарзи гебохбæл æй хæссуй, арти ка нæ содзуй, дон ке нæ ласуй, нæмуг ке нæ есуй, еци советон æфсæддон.

Уодзæнæй, тагъд мах гъæунги дæр уодзæнæй бæрæгбон!.. Æма еци устур бæрæгбони арфи зæгъуйнæгтæ зæгъдзæнæнцæ Плити бæгъатæр Исси тухxæй дæр...

***Хуæцæг æфсад. Венгри. 1944 анз.***

## ФОНДЗЕЙ КÆСТÆР

Къæсхуртæ, рацæргæ силгоймаг бадуй хуссæни фарсмæ. Æ рази къелай къохбæл дæрдгун китель хуæрзеугути хæццæ. Хæдзарæмæ æрбахезæни галеуæрдигæй къуми дууæ лæдзæги, цума сæ идард балций фæсте сæ фæллад уадзунцæ, уой хузæн сæхе фарсбæл банцойнæ кодтонцæ.

Хуссæни хуссуй æригон биццеу. Нæуæгдаст, фæлорс цæсгон. Сатæгсау сæригъунтæ пурхæнтæй лæуунцæ уорс базицъарæбæл. Тарфунæй кæнуй биццеу. Æ еу къах æ буни æрбатумбул кодта, иннæ – растæй лæууй.

Æхенимæр сосæггай кæуй мадæ. Уомæл цæститæй кæсуй æ фурти хуæрзеугутæмæ, лæдзгутæмæ.

Хæдзарæмæ æрбахизтæй синхæгти уосæ. Мадæ 'й уайтæкки нæ бафеппайдта.

– Æгайтима дæ биццеу дзæбæхæй иссудæй, – дзоруй синхаг. – Æнгъæлдæн, кæугæ кæнис?..

– Арфиаг уо, – æфсæрмигæнæгау дзуапп дæттуй мадæ, уотемæй æ сæрбæттæни кæронæй сæрфуй æ цæстисугтæ. – Бахатир кæнæ, кæстæр боц фæууй... Фондзей кæстæр æй. Иннетæй неци хабар ес... Кæсун имæ – тухсуй æ фуни. Æвæдзи, æ зæнгæ бафæлладæй. Кæд æй, иннæ зæнги хузæн æ буни ку æрбатумбул кæнидæ, е фæндуй...

Мадæ æ минкъий къох арæхстгай æрæвардта фурти цæф зæнгæбæл æма æ цæстисугтæй идзаг цæститæй кæсуй æ синхагмæ.


КАДЖАТИ Вадими конд хузæ «Мадæ»



## НАРИ ЗÆНХÆ

Зæнхæ... Ци нæ фæууидтай, ци нæ бавзурстай. Арф фæдтæ, содзгæ гъæдгæнттæ, тогæрхæнтæ... Ка сæ банимайдзæнæй, ка сæ равзардзæнæй? Цард дæр дæуæй рантæстæй, ном дæр ин ду равардтай. Цал хеди æртæхи бауорæдтай, цал цæстисуги ранихъуардтай. Æвæдзи, цæхгун дæр уомæй дæ, не 'схæссæг, нæ дарæг зæнхæ!..

Хуæнхтæ дин уæзæ нæ кæнунцæ, денгизти дæхе не 'ртаис, лæги къахæн пакъуй хузæн фæлмæн дæ, лæги фæззиндбæл æгæрон цийнæ кæнис. Еу рауæн дæ дессаги деденгутæй тæмæнтæ калис, иннæ рауæн ба кокойнæ синдзæй æмæхгæд дæ. Кæми дæбæл болæмаргъ зæллангæй заруй, кæми ба дæбæл сау халæнттæ сæхецæн ахстæнттæ бийунцæ. Еу рауæн дæ рæзæ бæлæстæ арвмæ исхъæртунцæ, иннæ рауæн де 'носон ехтæ сæ буни искодтонцæ. Аллихузон дæ, гъолон дæ, фал кæмидæриддæр æгæрон адгин зæрдæн. Нецæбæл дин ес баййевæн, нецæмæй дин ес балхæнæн!

Мæнæ дæ берæ будуртæй еу минкъий морæ – Нари гъæу, Нари зæнхæ. Хуæнхтæ 'й фæйнердигæй нилхъивтонцæ, дæнттæ ин æ фæрстæмæ лæборунцæ. Зæйтæ, уаронтæ 'й нихснадтонцæ. Карз думгæ гъазуй æ бауæри. Лæууй уæддæр, æ зæронд ихæлд мæсгутæй фæлгæсуй æ алливæрстæмæ. Уоми рæгътæбæл, къæдзæхти фæрстæбæл, мæгур лæги кæрци æмпъозæни хузæн зиннунцæ æхе хузæн зæнхи гæбæзтæ, игуæрдæнтæ. Алкæмæн дæр си ес æхе ном, æхе нисан. Фал сæ ка зонуй ами цæргутæй уæлдай?

Æндæр æй уонæн сæ хъисмæт, сæ амонд. Уоми дæр уалдзæг мети бунæй æ сæр исдаруй дзæкъолон. Уордигæй дæр сæрди тæвди фегъусуй цæвгути скъот, фиййæутти зарун. Уоми дæр æрæгвæззæги синдзæбæл баргъæвсуй халон. Уоми дæр æхсæвæй-бонæй думгæ неуй.

Хуæнхаг фудуаг æрдзæ, æмхузон кæми нæ дæ аллирауæн дæр!

... Уойбæрцæ æрцæугæ нæма фæууидтон еу рауæнмæ...

Ка дин загъта, кæмæй фегъустай фиццагидæр еци дзурдтæ. Нари зæнхæ? Кæд дæбæл бæгъæнвад, бæгъæнсарæй ци берæ сувæллæнттæ уадæнцæ, уонæй си еске загъта? Кæд сæ, идард бæстæй дæмæ къулухæй, æфхуæрдæй ци сауцæстæ лæхъуæн æрбаздахтæй, уомæй фегъустай? Кæдæй нурмæ райгъустæй дæ кади ном Уæллагири коми Нари цæргутæй? Ке тухxæй дæмæ бацæнцæ къахæхсист адæм? Тумугъ дæр сæ ку нæ уорамуй, æфцæгутæбæл дæр ку хезунцæ. Ци нæ 'взагæй дæмæ дзорунцæ, уæхæн ку нæбал байзадæй. Рагон хъинцгæнагæ уæрдунти бæсти дæмæ рæуæг хуæдтолгити ку æрбалæуунцæ. Сугъзæринттæ дæмæ ку нæййес, иннæ зæнхити гæбæзтæй уæлдай дæбæл æнахур деденгутæ ку нæ зайуй. Дæ сæрмæ рæгътæбæл уæлдæф кæдзосдæр ку æй, гъæди къохи цъеутæ рæсугъддæр ку зарунцæ, дæ синхæгти хæццæ æмхузон арви буни ку айтæ, уæд ду уотæ амондгун кæцæй фæдтæ?

Нигъгъос æй, неци дзоруй Нари зæнхæ. Айдагъдæр думгæ, хуæнхаг думгæ, цъететæй думуй, деденгути адгин тæф, æхсæрдзæнти зæлланг хæссуй æ хæццæ æма мин мæ гъоси дзоруй:

– Ами кæддæр иссугъдæй устур зæрдæ. Ниррохс кодта кæмтти наргутæ æма си бонæй-бонмæ хъæбæрдæр тавуй æ цæхæрæй адæми...

Амондгун дæ, арфиаг дæ, Нари зæнхæ!..

**ДЖУСОЙТИ Нафи (1925-2017), Иристони адæмон финсæг: «Цæгæрати Максими уадзимистæ зингæ бунат ахæссунцæ нæ национ аййевадон литературон фæзуати. Кæд еугурæй еу æмвæзадæбæл финст нæ 'нцæ, æма си ка цауддæр æй, уони адæймаг ку феронх уа, уæддæр сæ фулдæр ба сæ уæлтæмæндзийнади фæрци нæ дзиллæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ æ зæрдæбæл æнæмæнгæ дардзæнæнцæ, æхцæуæнæй сæ кæсдзæнæнцæ...»**



ЦÆГÆРАТИ Максим (галеуæрдигæй), ÆГЪУЗАРТИ Саукуй, ЦИРИХАТИ Михал, ДАРЧИТИ Дауит.

# ФÆЛТÆРÆЙ – ФÆЛТÆРМÆ Æ УАРЗОН АДÆМИ ЗÆРДИТИ ЦÆРДЗÆНÆЙ...



**ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат,**
публицист, финсæг

***Ирон литератури зингæ бунат ахæссуй нæ республики адæмон финсæг Цæгæрати Максими берæвæрсуг исфæлдистадæ. Зундгонд финсæг райгурдæй 1916 анзи 27 августи, Алагири (Салигæрдæни). Скъолай фæсте ахурмæ бацудæй Дзæуæгигъæуи педагогон рабфакмæ, уордигæй ба – Цæгат Иристони педагогон институтмæ. Цæгæрати Максим студенттæй фицъагдæр райста, 1939 анзи Хетæгкати Къостай 80 анзи юбилеймæ ци премиæ нисангонд æрцудæй, уой.***

Максими исфæлдистадон фæндаг райдæдта поэзийæй. Мæнæ куд финста уой туххæй Цирихати Михал: «Цæгæрати Максими хæццæ мах хæстæгдæр базонгæ ан, Цæгирпедрабфаки литературон къуармæ ку цудан, уæд. Рабфаки ахургæнгæй, æмдзæрæни еу минкъий уати цардан цалдæр лимæнемæй – Басити Дзаххотт, Хутъинати Æхсарæ, Бæзати Илья æма Цæгæрати Максим – хестæр къурси ахургæнуйнæгти хæццæ. Гъе уотемæй нæбæл еци уати евгъуйидæ æнæгъæнæ æхсæвæ.

Ци си кустан? Кæрæдземæн кастан нæ нæуæг æмдзæвгитæ. Лæмбунæг сæ æртастан. Еу æхсæвæ ба æнхъуæт азгъунстæй рацудан тургъæмæ, кæдзос уæлдæфæй рауолæфунмæ. Нæ рæзти гулфæнгæ уадæй Терк. Хуæнхти 'рдигæй æрбадумидæ рæуæг думгæ. «Авд хуæри» накæгæнгæ уадæнцæ арви денгизи. Идард кæцæйдæр нæмæ игъустæй æхсæрдзæнти сур-сур æма уасæнгити гъæр. Уæдта не 'хсæнæй истахтæй зар:

*«Æнусон æрдз, ды*
*а изæр æндæр дæ,*
*Дæ тыгъд фæзтæ –*
*Цъæх гауызæй*
*æмбæрзт.*
*Æмæ куыд нæ, куыд*
*нæ цин кæна зæрдæ, –*
*Кæд хæхтæн мæй сæ*
*фæсонтæй ысласт!*

Етæ адтæнцæ Максими нæуæг æмдзæвги фиццаг рæнгъитæ, фал фæстæдæр иссæнцæ махæн нæ алке зæрди зар, æмдзæвгæ кæрæй-кæронмæ дæр зудтан, мухури нæма фæззиндтæй, уотемæй. Зудтан æй æма хицæ кодтан æ ниффинсæг, е 'сфæлдесæгмæ. Уомæн æма си цидæр кæдзосдзийнадæ, цидæр гъар æма æхцæуæндзийнадæ адтæй...»

Фал Максими æхседгæ зæрди ци лирикон, зæрдæмæгъаргæ æмдзæвгитæ игурдæнцæ, уонæбæл еу бон æрбадтæй мæтъæлдзийнади тунæ. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Тугъди фиццаг бæнтти тохи будурмæ рандæ 'й Максим дæр. Каст фæцæй танкистти скъола. Райста лейтенанти цин. Фæстæдæр ба иссæй роти командир. Знæгти нихмæ тох кодта бæгъатæрæй. Архайдта Сталинградi, Орели, Будапешти фарсмæ карз тугъдтити.

Уæлахези фæсте афицер, танкист Цæгæрати Максим тугъдвæлладæй исæздахтæй æ райгурæн Алагирмæ. Æ реубæл æрттивтонцæ тугъдон хуæрзеугутæ: Фидибæсти тугъди, Сурх Стъалуй ордентæ, майдантæ...

Максими исфæлдистадон фæндаг райдæдта 30-аг æнзти. Е 'мдзæвгитæ æма уадзимистæ мухургонд цудæнцæ ирон газеттæ æма журналти, 1940 анзи ба бацудæнцæ цалдæр автори поэтикон уадзимисти еумæйаг æмбурдгонд «Мах уарзæм»-мæ. Цæбæл финста æма цæбæл зардта æригон автор? Нæ цардбæллон фæсевæдбæл, фæллойнæбæл, адæми бæлдитæбæл. Е 'мдзæвгити игъустæнцæ тугъд æма сабурдзийнади мотивтæ. Æ лирикон хъайтар, уæдта æригон поэт æхуæдæг дæр, ард хуардта, тугъди арт ку иссодза, уæд æ уæле æфсæддон дарæс ке 'скæндзæнæй æма æ райгурæн зæнхæ знагæй ке гъæуай кæндзæнæй, уой туххæй.

Æма нæ фæссайдта æ ардбахуæрд Максим. Е, иннети хузæн, æ къохмæ райста дууæ хотухи – хуæцæнгарз æма финсæги пъеро. Фиццагæй куд архайдта, уой туххæй цубурæй загътан. Дуккагæй ба финсæги кой ку кæнæн, уæдта нæ бон зæгъун æй: Максими курдиадæ, æ арæхстдзийнæдтæ парахаттæй раитинг æнцæ Фидибæсти уæззау æма тæссагдæр æнзти. Æхуæдæг æхебæл бавзурста тугъди нæдти зиндзийнæдтæ, æхуæдæг уолæфтæй топпи хуаси бæзгин хъуæцæ, фегъуста ка мæлидæ, еци æфсæддонти гъæрзун æма нæмгути æскъот, фæууидта тоги лæсæнтæ, нæ сахартæ æма гъæути сау фунук. Æхуæдæг цудæй фæстæмæ æма æмпурста размæ. Æхе къæхтæй исбарста мингай километртæ. Æма бавзурста еци цаутæ, нæ адæми, не 'фсæддонти бæгъатæр гъуддæгутæ цардæгас хуарæнтæй равдесун.

Уобæл дзорæг æй æ тугъдон очеркти киунугæ «Хурныгуылæны». Очеркти архайгути цард хуматæг æфсæддонтæй номдзуд инæларти уæнгæ адтæй Максимæн æхе цард, уони бæлдитæ адтæнцæ Максимæн æхе бæлдитæ. Гъе уой туххæй ин бантæстæй цардæгас берæ сорæттæ исаразун дæр.

Æфсадæй ку исуæгъдæ 'й, уæд Цæгæрай-фурт æнœвудæй бавналдта сабур цари фæллойнæ кæнунмæ. Тугъди фæсте æнзти куста газет «Рæстдзинад»-и редакций, адтæй партий Цæгат Иристони обкоми инструктор, киунугæуадзæн «Ир»-и сæйраг редактор, ирон драмон театри директор, культури министр, журнал «Мах Дуг»-и редактор, Цæгат Иристони финсгути Цæдеси правлений сæрдар. Финсæг е 'хсæнадон архайд æнгомæй баста исфæлдистадон кусти хæццæ.

Кæрæдзей фæсте цæун райдæдтонцæ æ радзурдтæ æма уадзимисти киунугутæ: «Хурзæрин», «Сызгъæрин фæззæг», «Ацырухс», «Сау хохы фыййау» æма æндæртæ. Уонæн сæ ахсгиагдæртæй еу æй «Хурзæрин». Еци уадзимиси дзубанди цæуй, тугъди цæхæри æ уарзон Иристон куд æхсистæй, æ гъæдгæмттæ куд дзæбæх кодта, уобæл. Арф æма си раст æвдист цæуй адæймаги удигъæдæ æма меддуйне.

Уадзимис «Сау хохы фыййау» ба 'й автори исфæлдистади никки бæрзонддæр къæпхæн. Финсæг нин ирдæй æвдесуй революцион цаутæ, адæймæгути æма сæ вазуггин меддуйне.

Уадзимис «Нæ фехъуыстон ма зæгъ»-и ба нин финсæг нæ размæ хæссуй тугъди фæсте гъæуккаг, колхози царди хузтæ. Еци уадзимисти алкæмидæр зиннуй Цæгæрай-фурти цæстингас цардмæ, æ рæстæг æма æ дзаманмæ. Ес син лирикон рахаст. Финст æнцæ ирд хуарæнтæй, рæсугъд æма зæлланггæнагæ æвзагæй.

Уотæ зæгъун æнгъезуй Максимæн æ иннæ уадзимиси туххæй дæр. Загъæн, æ новеллити æмбурдгонд «Хæхты» цæхæртæ калуй аллихузон поэтикон хуарæнтæй æма рохс гъудитæй. Адæймаги æнкъарæнтæ æма зæрдиуагæ æмведауцæ 'нцæ хуæнхон æрдзи поэтикон хузи хæццæ. Цубур дзурдæй, финсæги бон иссæй цардгъон фæлгонцти æнæгъæнæ галерейæ исаразун. Уонæн сæ фулдæр æнцæ нæ рæстæги цæрæг кæдзосзæрдæ адæймæгутæ.

Фал Максим айдагъ дæсни æма устур прозаик нæ адтæй. Е устур æвæрæн бахаста нæ национ киной аййевадæмæ дæр. Кинонивтæ «Возвращение Коста», «Костры на башнях», «Сын Иристона»-йи мах бæлвурдæй уинæн Цæгæрай-фурти армдзæф, арæхстдзийнадæ æма устур исфæлдистадæбæл е 'новуддзийнадæ, адæмти 'хсæн хæлардзийнадæ федар кæнунмæ æ турнундзийнадæ, æ æведуйгæ искурдиадæ æма урух цæстингас, æ идейон æма эстетикон принциптæ.

Цæгæрай-фурти гъæздуг æма берæвæрсуг исфæлдистадæ зонунцæ айдагъ нæ республики нæ. Финсæги ном зундгонд иссæй нæ бæсти еугур адæмти миллионгай киунугæкæсгутæн. Уобæл дзорæг æй, е 'нтæстгин исфæлдистадон кусти туххæй Максимæн хецауадон кадгин хуæрзеугутæ – Фæллойни Сурх Турусай дууæ ордени æма орден «Кади нисан» лæвæрд ке 'рцудæй, е дæр. Адтæй нæ республики аййевадæй æскъуæлхт архайæг æма Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат.

Æнæмæнгæ, гъæздуг, цæсти ахедгæ, берæкъабазгин æма устур æй Цæгæрати Максими исфæлдистадæ. Е устур бунат ахæссуй нæ адæми культури хæзнадони. Максими уадзимистæ 'нцæ æлвæст, сæ архайгутæ зиннунцæ ирдармæ, адæймаг сæ неке хæццæ фейиевдзи кæндзæнæй. Е 'взаг æй гъæздуг æма æнцон кæсæн. Финсæг арæхстгай пайда кæнуй ирон адæмон лексикæй, æмбесæндтæй æма таурæхътæй, адæмон юморæй. Етæ ин аййевдæр æма гъæздугдæр кæнунцæ æ уадзимистæ.

Максим кæд абони не 'хсæн нæбал æй, 1990 анзи е 'носон дуйнемæ рандæ 'й, уæддæр æ фæсте ци берæ литературон уадзимистæ ниууагъта, уони адæм кæсунцæ зæрдиагæй æма ин алкæддæр æ ном æримисунцæ æхсицгонæй. Финсæг ба фæццæруй уæдмæ, цалинмæ ин адæм æ уадзимистæ фæккæсунцæ. Уомæ гæсгæ нæ бон зæгъун æй уотæ, æма абони дæр æма исонибони фæлтæртæн дæр сæ хæццæ кæ цæрдзæнæй Максим.




ЦÆГÆРАТИ Максими цирт Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.



# АДÆЙМАГИ НОМ ЦИТГИНÆЙ ХÆССУН – ЛÆГДЗИЙНÆДТÆН СÆ СÆЙРАГДÆР!..

*Аци курухон загъд нæ рагфидтæлтæй байзадæй, æма нин абони дæр ма царди гурґъахъ нæдтæфбæл цирагъеуæг кæнуни хузæн разæнгард амонæг æма нифсдæттæг æй. Еци загъдмæ гæсгæ зундирахастбæл ци адæймаг хуæст фæууй, е дзилли ʼхсæн уæлдай нимади фæууй, уомæн æма федауцæй кæнуй æ царди хабæрттæ, æхецæн дæр æма æ алфамбулай адæмæн дæр фарнæ æма зæрдрохсдзийнадæ хæссуй. Гъе уæхæнæй æнæгъæнæ Иристони дæр дзиллæ зонунцæ искурдиадæгин журналист æма æхсæнадон архайæг Фидарати Астемури фурт Юрийи.*

*Райгурдæй Рахесфарси райони Зæронд Бæтæхъойгъæуи 1961 анзи 23 августи. 1983 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон университети филологон факультет. Æ исфæлдистадон архай райдæдта Цæгат Иристони телеуинунади дикторæй, фæстæдæр ба куста республикон радиой хестæр дикторæй. Спортуарзгутæ ʼй гъуди кæнунцæ аллихузон спортивон еристи дæсни комментаторæй. Футболон гъæзтити цудæвдесæг уогæй, æ бæрзонд æмвæзадæбæл æвæрд дзубандийæй, æхемæ æригъосун кæнидæ мингай футболуарзгути. Фидари-фурт ма æнтæстгинæй куста Еугурцæдесон радиой, радиостанцæ «Юность»-и, радио «Маяк»-и уацхæссæгæй дæр. Хуарз зундгонд æй телеуинунадæмæ кæсгутæн дæр, куд æхсæнадон-политикон равдист «Свобода слова»-йи разамонæг, уотæ дæр. Адтæй газет «Пульс Осетии»-и сæйраг редактор. Берæ æнзти дæргъи æнхæст кодта уæлдай ахсгиаг æма бæрнон ихæс – разамунд лæвардта нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, мухури, дзиллон коммуникацити Комитетæн.*

*Еци хабар махæн, мухури косгутæн, уæлдай зæрдæхцæуæн адтæй, уомæн нæ фæллойни медес æма сагъæстæ ин бæлвурд зундгонд адтæнцæ, æма уомæ гæсгæ ба æ архайд æнæгъæнæйдæр адтæй рæстдзæвин, зудта ʼй, ци куд арազæ ʼй, уой. Е бæрæг адтæй, еугур еци фарстатæбæл куд раст æма гъуддагон уидæ æ дзубанди, уомæй дæр. Дæнцæн æрхæсдзинан æ зæгъуйнæгтæй кæцидæрти:*

– Ес нæмæ, боз цæмæй ан æма нæхе цæмæй растауæн, уæхæн хабæрттæ дæр, уой хæццæ ба, хъæбæр сагъæссаг нин ка ʼй æма нæ архайди ахедундзийнадæбæл хъоргæнæгти хузи ка бæрæг кæнуй, уæхæн гъуддæгутæ дæр исæвзурдæнцæ. Зæгъæн, электрон информацион фæрæзнити фæззинд, еуемæй хуæрзæрдæмæ фæззиндтæй дзиллæмæ хабæрттæ тагъддæр хъæртунбæл, иннемæй ба уой фудæй зингæ фæккадавардæр æй газеттæ æма журналти рафинсуни гъуддаг, адæми зингæ хай, уæлдайдæр ба æригон фæлтæртæ сæбæл уоййасæбæл æхцул нæбал æнцæ. Уомæн æма нуртæккæ дзиппидаргæ телефонтæ ес алкæмæ дæр. Нæ адæмæй беретæ газеттæ æма журналтæ кæсунмæ се ʼргом уотæ хъæбæр нæбал æздахунцæ. Фал уæддæр мухури фæрæзнитæ куд нæ бæсти, уотæ Иристони дæр цæрунцæ æма, баруагæс уи уæд, цардгъон уодзæнæнцæ.

Еци гъуддаг ба уотид зæгъунæй нæ исæнхæст уодзæнæй, гъæуй ибæл архайун, берæ æнæмæнгæ мадзæлттæ райаразун. Сагъæссаг фарстатæ берæ ʼнцæ, æма уонæн сæ ахсгиагдæртæй еуей туххæй сæрмагондæй зæгъун гъæуй. Нæ республики газеттæ æма журналти косунцæ фæлтæрдгун редактортæ, журналисттæ. Е абони уотæ ʼй. Фал исонибони ба куд уодзæнæй? Нæ национ мухури фæрæзнити редакцити нури косгути ʼхсæн, гъулæггагæн, минкъий ес, нæ исонибонмæ нæ зæрдæ кæбæл гъæуама дарæн, уæхæн æригон уацхæсгутæ. Æма никки бундоронæйдæр гъæуама архайæн еци сахъатдзийнадæ исраст кæнунбæл, цæмæй æригон журналисттæ тулавастдæр кæнонцæ нæ мадтæлон æвзагбæл финсунмæ. Уой туххæй бал нин ци мадзæлттæ исаразун бантæстæй, уонæн сæ ахедгæдæртæй еу æй, цалдæр анзей размæ нисангонд ке ʼрцудæй нæ республики Хецауади сæрмагонд премии, кæци лæвæрд цæуй, мадтæлон æвзагбæл финсæг журналисттæй ка фескъуæлха, уонæн. Æма си фиццаг ци цалдæр номинаций адтæй, уонæбæл ма фæстæдæр бафтудæй еума – лæвæрд цæуй, мадтæлон æвзагбæл финсæг райдайæг журналисттæн. Мæнмæ гæсгæ, е разæнгард кæндзæнæй æригæнтти, æма етæ се ʼргом фулдæр æздахдзæнæнцæ нæ мадтæлон æвзагбæл публицистон исфæлдистадæмæ. Нæ мадтæлон æвзаги исонибон аразгæ ʼй нæхецæй. Уомæн æма ибæл махæй уæлдай неке батухсдзæнæй. Уотемæй газеттæ «Рæстдзинад», «Дигорæ», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф» ку некебал кæса, уæд нæ федæн уодзæнæй æбæрæг.

Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй еума, æнæмæнгæ ахсгиаг гъуддаги фæдбæл, кæци, æ исаразун нин ку бантæса, уæд, æруагæс ми кæнуй, æхцæуæн уодзæнæй нæ журналисттæн. Еу загъдæй, нæ республики Хецауадæмæ балæвардтан курдиадæ, цæмæй журналисттæн сæ мизд фæффулдæр кæнæн.

Нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити архайд цæмæй ахедгæдæр уа æма æнхæстæй дзуапп дætта нури рæстæгути домæнтæн, нæ дзиллæн зæрдтагон уонцæ, уой туххæй райаразуйнаг фарстатæ ма берæ ʼнцæ. Мæ бон сæ æй номхигъдæй ранимайун, фал, мæнмæ гæсгæ, уонæбæл дзоруни бæсти сæ райаразунбæл архайун пайдадæр уодзæнæй, æма мæ зæрдæ дарун, етæ, куд гъæуй, уотæ арæзт ке ʼрцæудзæнæнцæ, уобæл.

* * *

*Кæмидæриддæр куста, уоми лæги æфсарæбæл гадзирахаттæй некæд рацудæй. 2012-2017-аг æнзти Цæгат Иристони Парламенти депутат ку адтæй, уæд бæлвурддæрæй рабæрæг æй, куд æхсæнадон архайæг, уотæ алкæддæр уæлдай бæрзонддæр бунати ке æвæруй моралон принциптæ. Абони ба Фидари-фурт æй газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редактор. Уой фæдбæл берæ нæ дзордзинан – газеткæсгутæ гъæуама ци райамонæ-байамонæ кæнæн, кæд æма сæхуæдтæ алцидæр бæлвурдæй уинунцæ æма зонунцæ.*

*Куд журналист æма æхсæнадон архайæг, уотæ Фидарати Юрий еудадзуг адтæй æма ʼй дзилли ʼхсæн, етæ ʼй хуарз зонунцæ æма ин устур аргъ кæнунцæ. Еугурей зæгъуйнæгтæ ниммухур кæнуни равгæ нин нæййес, фал си цалдæремæн ба уæддæр дзурди барæ дæттæн.*



**СУАНТИ Станислав, инæлар-болкъон, орден «Иристони намус»-и кавалер:**

– Æнæгъæнæ Иристони дæр Фидарати Юрийи ном игъустгонд æй, куд ахургонд, искурдиадæгин журналист, уотæ. Æй дæсни разамонæг æма хумæтæг, хуæрззæрдæ, рæстуод адæймаг, нæ дзиллæ æцæгæй ке нимайунцæ, уæхæн лæг. Æ алли уацхъуди, æ алли дзурд æма ниффинст рæнгъæ дæр æй рæстбæлдзорæг, бæрнон цардаразæг.

Фидари-фурти армдзæф æй, куд фæззæгъунцæ, æ цæсгонæвдесæг хузæ. Никкидæр ма мæ уотæ дæр баханхæ кæнун фæндуй: Астемури фурт Юрийи хузæнттæй фæззæгъунцæ адæм: «Æцæг ирон лæг æй!..» Æ дзурдæн лæг æй, æ цæстингас дæр æма æ зæрдихатт дæр некæд æййевуй, æргомæй хуæцуй рæстдзийнади фарс.

Фидарати Юрийи хузæнттæ ʼнцæ нæ адæмихатти цæсгон. Æз сæрустур дæн, Юрий, дæ хæццæ лимæнæй ке цæрун, уомæй. Æма дин мæ зæрдæ зæгъуй, Иристони зæнхæбæл тæккæ фулдæр ка фæццардæй, уони æмæмбæрцæ зæрдрохсæй æма уодæхцæуæнæй куд фæццæрай, еци хуарздзийнадæ!



**Валерий КУКОВ, болкъон, Уæрæсей Федераций Бæгъатæр:**

– Фидарати Юрийи хæццæ рагæй цæрæн лимæнæй, фал никки хæстæгдæр ба базонгæ ан Парламенти еумæ косгæй. Æма мæ бон æй федарæй зæгъун: æй уодæй раст æма зæрдæй кæдзос адæймаг. Иристони зæнхæбæл уæхæн адæймæгутæ никки фулдæр ку цæридæ, уæд нин дзæвгарæ æнцондæр уидæ нæ цардиуаги еугур райаразуйнаг фарстатæ æнтæстгиндæрæй лух кæнунæн.

Æргомзæрдæ, æргомдзурд, алцæбæл дæр мæтæгæнагæ, етæ ʼнцæ Юрийи меддуйней сæйраг æууæлти еу хай, багъæуаги алкæддæр æ бон æй, æ усхъæ бадарун адæймагмæ, æ агъаз ке багъæуа, уомæн, ци гæнæн æма амал ес, уомæй фæййагъаз кæнун. Æ уодхæссæг æнцæ гъуддагмæ æбæрнон цæстæй ракаст, æнæбитъиздзийнадæ.

Мæ хъазар Юрий! Дæ бæрæгбон дæбæл алкæддæр дзæбæхæй, зæрдрохсæй цæуæд! Сабур цардæй хайгин уо!



**ХÆМИЦАТИ Морис, журналист, финсæг:**

– Фидарати Астемури фурт Юрийи хæццæ рагæй зонгæ ан. Фиццагидæр, 70-аг æнзти къохбæлхуæцæг адтæн æ хуæрæ Изетæн, е лæгмæ ʼрцудæй нæ гъæуккаг, толдзгуйнаг, Будайти Олцæни фурт Олегмæ. Изетæ дæр, мæнау, каст фæцæй нæ университети филологон факультет, адтæй æгъдаугин, æхсæнадон царди разæнгардæй архайæг кизгæ, уæдта ахур дæр кодта хуарз. Гъулæггагæн, абони Олег цардæгас нæбал æй, фал уæддæр æ рохс ном ба цæруй, хъæбæр сæрустур кæмæй адтæй, æ еци бийнонти цардгъондзийнадæй. Изети хæццæ син исæнтæстæй дзæбæх цæуæт – дууæ биццеуи æма кизгæ. Гъе уæдæй фæстæмæ зонун еци бийнонти дæр æма Юрийи дæр.

Фæстæдæр ба Юрийи хæццæ кустан Цæгат Иристони республикон радиой, е адтæй диктор, æз ба – уацхæссæг. Еумæ, æвæдзи, бакустан еу-финддæс анзей бæрцæ. Еу усмæ нæ агъази хай кодтан республики стадион «Спартак»-и косгутæн дæр – лæвардтан уордигæй радиой репортажтæ, нæ командæ «Спартак-Аланий» ку гъазидæ, уæд. Еци-еу рæстæг стадиони радиойæй дæр игъосун кодтан æрбацæуæг адæмæн, командити гъазгути нæмттæ, ка ке баййивта гъазти рæстæг, гол ка бакъуæрдта æма уотæ изолдæр. Æз æма Юрий райдæдтан фиццагидæр уруссаг æвзаги хæццæ ма иронау дæр стадиони информаци дæттун, æма адæми зæрдæмæ еци гъуддаг хъæбæр фæццудæй.

Юрийи ци рæстæг зонун, еци æмгъуди си æз алкæддæр уинæ æма дæн хъæбæр боз – æгъдаугин, хебæлхуæцгæ, куд фæззæгъунцæ, æ дзурдæн хецау, æнæсайд, багъæуаги фæййагъаз кæнунмæ, æ усхъæ бадарунмæ алкæддæр цæттæ. Уæдта кæмидæриддæр ин косгæ рауайидæ, уоми алкæмидæр æ куст дæр зудта хъæбæр хуарз. Нур дæр косæн еумæ газет «Рæстдзинад»-и, е сæйраг редактор, æз ба хестæр уацхæссæг. Редакций коллектив си æй арази, дзæгъæл нецæй туххæй неке бафхуæрдзæнæй, фал рæдудтитæ ба байамонуй, бадомуй куст гъæугæ хузи кæнун.

Аци бæнтти ибæл исæнхæст æй 65 анзи – юбилей, æма ин мæ зæрдæ зæгъуй берæ æнзти ма зæрдигъæлдзæг, æнæнезæй куд бæрæг кæна æ игурæн бон, æ бийнонтæ, æ кæстæртæй зæрдирай куд уа!

* * *

***Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив зæрдæхцæуæнæй арфæ кæнуй Фидарати Юрийæн æ 65 анзей бæрæгбони фæдбæл. Æмгустæнæг ан, берæ нæуæг, цæмæдесаг проекттæ æма нисантæ нæмæ ес абони. Æма нæ зæрдæ дарæн, еумæ æмзундæй, æмдухæй сæ царди рауадзун нæ бон ке бауодзæнæй, уобæл. Æнæнез нин уо, Юрий, никки устурдæр æма фулдæр æнтæстдзийнæдтæ дин зæгъуй нæ зæрдæ!***

*Лао-ЦЗЫ, рагон китайаг философ: «Зундгин балхон тугъдмондаг некæд фæууй. Арæхстгин тугъдон мæстигæр некæд фæууй. Æзнаги сæттунмæ ка архæсуй, е лæборгæ нæ кæнуй. Адæмæн разамунд дæттун ка зонуй, е сæр сæрмæ хæссуй.*




# ЧТО ВАЖНЕЕ: АМБИЦИОЗНОСТЬ ИЛИ ИСТОРИЧЕСКАЯ ИСТИНА?

**В.Д. ДЗИДЗОЕВ,**
**доктор исторических наук, профессор кафедры истории Осетии и кавказоведения Юго-Осетинского государственного университета им. А.А. Тибилова**

В начале нынешнего года увидела свет «История Республики Южная Осетия»*, которую ждала не только научная общественность Южной Осетии, но и всей Осетии, т.к. она в первую очередь должна быть использована в качестве учебника для общеобразовательных организаций молодого суверенного государства. Кроме того, необходимо подчеркнуть, что по истории Южной Осетии до сих пор нет фундаментальных академических изданий, в которых, разумеется, нуждается широкая общественность и, в первую очередь, ученое сообщество. Авторы настоящего издания проделали большой и важный труд и в этом плане заслуживают огромного уважения. В предисловии они правильно подчеркивают: «Достойный человек не может существовать, не зная прошлого своей родины, своего народа» . Все правильно. От себя добавлю, что достойный человек обязан знать и прошлое, и настоящее своего народа без искажений и без всякой конъюнктуры.

Что же у нас получается с долгожданной «Историей Республики Южная Осетия»? На мой взгляд, здесь, наряду с важными и интересными выводами имеются отдельные серьезные ошибки, а дискуссионных проблем, более чем достаточно. Так, авторы утверждают, что «Алания-Осетия эпохи горных обществ – это конфедерация самоуправляющихся областей единой страны. Сохраняя свою независимость, общества объединялись для войны или важных переговоров» . **Во-первых,** в тот период нельзя называть Аланию-Осетию конфедерацией, т.к. это форма государственного устройства, где функционируют единые централизованные органы управления. **Во-вторых**, трудно поверить и в то, что в тот период Алания-Осетия «была независимой». Речь идет о позднем средневековье, а в те годы предки современных осетин давно уже потеряли всякие формы государственности.

Авторы анализируют период позднего средневековья Алании-Осетии. При этом пишут «о безгосударственном периоде XV – XVIII вв.». Однако, далее они утверждают, что «тогда политической формой существования горной Алании-Осетии была конфедерация самоуправляющихся обществ. Она сохранила территориальные связи, общую систему перевальных дорог, традиции военного и внешнеполитического единства. Независимость позволила Алании-Осетии установить дипломатические отношения и провести прямые переговоры с Российской империей». В этом утверждении имеется несколько недоразумений, а точнее говоря ошибочных версий, в которых вряд ли учащиеся средних школ смогут разобраться. И не только они. **Во-первых**, авторы сами говорят «о безгосударственном периоде», и в то же время утверждают, что «горная Алания-Осетия была конфедерацией самоуправляющихся обществ». Неужели авторский коллектив, среди которого есть именитые осетинские ученые, не понимает, что конфедерация является формой государственного управления? В этой связи хотелось бы пояснить, в первую очередь учащимся общеобразовательных школ, что государство функционирует везде и всюду в трех формах: унитарное, федеративное и конфедеративное. На сегодняшний день в мире насчитывается около 200 различных государств. Все они по форме являются унитарными, федеративными и конфедеративными. На мой взгляд, вот эту простую истину и надо доводить до сознания учащихся школ, а не выдумывать мифическую конфедерацию, которая фактами и историческими документами не подтверждается. **Во-вторых**, весьма желательно, особенно с учетом того, что данная книга в качестве учебника предназначена учащимся средних школ, было бы более убедительное пояснение традиций осетинского общества в вопросах «военного и внешнеполитического единства». Было бы хорошо привести хотя бы один конкретный пример вместо пафосных, но неподтвержденных историческими документами и фактами рассуждений о «независимости», «конфедеративном государстве», которого фактически не было, и прочих мифических и явно надуманных преимуществах и достижениях Алании-Осетии эпохи горных обществ. Однако, авторы придерживаются своей собственной уязвимой, с точки зрения исторической науки концепции истории Алании-Осетии эпохи горных обществ, которую порой трактуют, на мой взгляд, с существенными ошибками, поверхностными, но весьма пафосными рассуждениями, рассчитанными в первую очередь на «ура-патриотов», далеких от исторической науки.

Анализ некоторых вопросов истории Осетии XVIII в. позволяет усомниться в объективности авторского коллектива. Так, на стр. 107 они утверждают: «Уже к середине XVIII в. горная Алания-Осетия превратилась в густонаселенную страну». О густонаселенности Осетии, тем более в XVIII-XIX вв., на мой взгляд, не приходится говорить в силу нескольких объективных причин. **Во-первых**, мы должны помнить, что в тот период о населении и его численности можно было говорить только достаточно условно, приблизительно, наугад с чьих-то слов, которые не проводили ни переписей, ни социологических опросов, а просто брали цифры «с потолка». **Во-вторых**, в 1742 г. грузинский архиепископ Иосиф и архимандрит Николай в донесении императрице Елизавете Петровне действительно писали, что «осетин признаваем быть по исчислению обоих полов более 200 тысяч душ» . Эти данные со ссылками на Центральный государственный архив древних актов использовал доктор исторических наук, профессор М.М. Блиев – один из лучших знатоков русско-осетинских отношений. Грузинские религиозные деятели называли Осетию «многолюдственным краем». К этому следует добавить, что в 1750 г. представитель Осетии в Петербурге на русско-осетинских переговорах заявил в Сенате, что «Осетия может выставить 30-тысячную армию». Смею утверждать, что этот цифровой материал носил явно субъективный характер, когда авторы желаемое выдавали за историческую истину. **В-третьих**, здесь профессор М.М. Блиев справедливо считает «эти данные, безусловно, преувеличением». Кроме того, мы должны учитывать, что не было не только точных данных, но и приблизительных по объективным причинам. Не проводили же в то время никаких переписей и ничего аналогичного никто не предпринимал. Однако, известно, что в конце XVIII – начале XIX вв. численность населения Осетии сократилась . В основном это было результатом свирепствовавшей в Осетии в 80-е гг. XVIII в. эпидемии чумы. Эта страшная болезнь была известна еще и как «моровая язва». М.М. Блиев со ссылками на архивные документы приводит в высшей степени интересные данные относительно XVIII в. Они касаются численности осетин, которых насчитывалось в конце XVIII в. 35 тыс. 750 человек, в 1826 г. – 20 тыс. 200, а в 1831 г. – 16 тыс. человек. На фоне этих более или менее проверенных данных, изложенных более 50 лет назад в монографии М.М. Блиева, остается непонятным и даже загадочным, каким образом «к середине XVIII в. горная Алания-Осетия превратилась в густонаселенную страну?»

Одна из самых серьезных ошибок в рецензируемой книге мне лично видится в убеждении авторов, что Осетия, будучи якобы «свободной страной», да еще и конфедерацией, что не соответствует исторической правде, как «единое целое присоединилось в 1774 г. к Российской империи». На мой взгляд, это серьезная ошибка и ее необходимо поправить. Проблема состоит в том, что Осетия присоединялась в состав Российской империи отдельными частями и поэтапно, а стало быть, в разные периоды истории. Попытаюсь это обосновать. Установлено, что Северная Осетия присоединилась к Российской империи в 1774 г., и то поэтапно, т.к. Тагаурия (Тагаурское общество Северной Осетии) присоединилась в 1770 г., а Дигория (Дигорское общество) – только в 1781 г. Однако в историографии считается, что для Северной Осетии датой присоединения является 1774 г. В то же время, Южная Осетия в силу нескольких объективных причин не могла участвовать в этом сложном и порой противоречивом процессе во второй половине XVIII в. Проблема состояла в том, что Южная Осетия раньше грузинских земель никак не могла присоединиться к великой северной державе, т.к. власти Картли-Кахетии считали ее составной частью своей страны.

Обращаю особое внимание, что «специалистов по истории XVIII в.» становится так много в Осетии, что, с одной стороны нужно радоваться, а, с другой, огорчаться, т.к. в местной печати появляются статьи, от которых становится стыдно. Пишут с серьезными ошибками не только журналисты, публицисты и известные писатели, но даже и профессиональные историки, которые имеют ученые степени кандидатов и докторов исторических наук. Приведу конкретные примеры. В 1988 г. был издан фундаментальный научный труд в двух томах (они значились как две книги) «История народов Северного Кавказа с древнейших времен до конца XVIII в.». Вторая книга с таким же названием охватывала хронологические рамки с конца XVIII в. и до 1917 г. Планировалось издать всего 4 тома. Однако 3-й и 4-й тома так и не увидели свет. Первые две книги были подготовлены большим авторским коллективом, куда входили самые авторитетные и признанные на то время ученые республик Северного Кавказа. Они вышли в издательстве «Наука». В первой из них подчеркивается, что «Осетия добровольно присоединилась к России в 1774 г.». А во второй отмечается, что «в 1774 г. в состав России вошла Северная Осетия». Если в академическом издании таким серьезным и актуальным вопросам, как вступление отдельных народов Кавказа в состав Российской империи отношение столь несерьезное, недостаточно ответственное и, можно сказать, поверхностное с научной точки зрения, то чего же ждать от местных «знатоков истории», которые слишком далеки от настоящей исторической науки. Вот и получается самая настоящая «отсебятина» местных «корифеев» истории.

Необходимо подчеркнуть, что в более солидных с научной

* ***«История Республики Южная Осетия»*** *(учебник для общеобразовательных организаций). – Цхинвал: Глобус, 2024. Тираж 1400 экз. Авторы: Р.С. Бзаров (ответ. ред.), Ю.С. Гаглойти, Р.Х. Гаглойти, И.Ю. Гаглоева, М.К. Джиоев, К.П. Пухаев)*

**Фашистон Германий æфсæдтæ, гадзирахаттæй рацæугæй, 1939 анзи 1 сентябри балæбурдтонцæ Польшæмæ. Райдæдта дуккаг дуйнеуон тугъд (1939-1945).**



**В Цхинвале состоялись торжественные мероприятия, посвященные 18-й годовщине признания Российской Федерацией независимости Республики Южная Осетия. В них приняла участие и делегация нашей республики во главе с Сергеем МЕНЯЙЛО.**

**Вместе с Первым заместителем Руководителя Администрации Президента России Сергеем КИРИЕНКО, исполняющим обязанности Президента Южной Осетии Маратом КАМБОЛОВЫМ, представителями органов государственной власти и почетными гостями Сергей МЕНЯЙЛО возложил цветы к Мемориальному комплексу «Защитникам Южной Осетии».**



точки зрения исследованиях, на мой взгляд, правильно отмечается раздельное вхождение территории Осетии в состав Российской империи. Так, в Советской Исторической Энциклопедии подчеркивается, что «в конце XVIII в. Северная Осетия присоединилась к России». На основе анализа исторических документов, в том числе и архивных, такого же мнения придерживался доктор исторических наук, профессор Г.Д. Тогоев (Тогошвили). К этому добавим, что другой доктор исторических наук, профессор З.Н. Ванеев, прекрасно разбиравшийся в русско-осетинских отношениях и именем которого назван современный Научно-исследовательский институт в Республике Южная Осетия подчеркивал, что Южная Осетия присоединилась к Российской империи в 1801 г. вместе с Восточной Грузией. Один из самых авторитетных современных историков Осетии доктор исторических наук, профессор, заслуженный деятель науки Российской Федерации Л.А. Чибиров, прекрасный знаток русско-осетинских отношений, в том числе в вопросах присоединения осетинских территорий к Российской империи, также считает, что «Южная Осетия присоединилась к России в 1801 г.».

Полагаю, что авторский коллектив допустил наибольшее количество ошибок и упущений, освещая историю Осетии XVIII в. Приведу конкретные примеры. Так, они утверждают: «Только Россия готовилась признать аланский суверенитет (в XVIII в.?! – В.Дз.) и строить отношения на основе взаимных обязательств». Утверждение авторов относительно аланского суверенитета мне лично представляется очередным мифом. Подобная пафосная мотивировка является характерной чертой для отдельных осетинских авторов, занятых на производстве разножанровых изделий по истории Осетии. Постараюсь обосновать свою позицию. Начнем с понятия «суверенитет (фр. souverain; англ. sovereign) – носитель верховной государственной власти». Рассуждая о суверенитете, любой читатель – ученик школы, учитель истории, пенсионер и т.д. автоматически подразумевает «верховенство и независимость власти». Различают три вида суверенитета: «1) государственный суверенитет как верховенство государственной власти внутри страны и ее независимость во внешнеполитических отношениях; 2) национальный суверенитет как полновластие нации, ее политическая свобода, обладание реальной возможностью определять характер национальной жизни, включая, прежде всего способность политически самоопределиться вплоть до отделения и образования самостоятельного государства. Полновластие нации проявляется в реальной возможности самостоятельно и суверенно решать вопросы, относящиеся к ее национальной свободе, государственно-правовой организации, взаимоотношениям с другими нациями и народностями; 3) народный суверенитет как полновластие народа, т.е. обладание народом социально-экономическими и политическими средствами, всесторонне и последовательно обеспечивающими реальное участие всех социальных групп и слоев в управлении делами общества и государства».

**Возникает очень непростой вопрос. Какой же из этих видов суверенитета для Осетии XVIII в. увидели авторы книги, остается большой загадкой.** А самое главное, кто обещал, и обещал ли вообще предкам осетин такие блага и такие особые полномочия и за какие конкретные заслуги, тоже остается очередным пафосом, не подкрепленным, как полагается в таких случаях, фактами и документами. Конечно, можно было и даже необходимо было подготовить качественное научное издание в обычном профессионально-творческом режиме работы ответственных ученых. Однако, на это, как правило, уходят многие годы кропотливого и серьезного научно-исследовательского труда.

Вызывает большое удивление также утверждение авторов, что «подготовка посольства (речь о посольстве Осетии, которая направлялась в XVIII в. в Петербург. – В.Дз.) происходила путем общенародного волеизъявления. Процедуры обсуждения и голосования (?! – В.Дз.) прошли в каждом отдельном обществе. Поэтому на формирование посольства ушло почти два года. Состав посольства, имевшего полномочия действовать от имени всей страны, соответствовал древним принципам аланской политической культуры…» Так, в сознании постсоветского поколения представителей народов суверенной Республики Южная Осетия укореняется убеждение, что «единая Осетия была свободной страной, конфедерацией, независимой», более того, важнейшие свои вопросы решала по «древним принципам аланской политической культуры», что автоматически подразумевало высшие идеалы демократии и правового сознания. Повторю еще раз, что речь идет о XVIII в. и об этом пишут образованные историки, среди которых кандидаты и доктора исторических наук, профессора. При этом учителям истории, учащимся средних школ и широкой общественности всей Осетии, и не только, настойчиво и методично внушается, будто то баснословие, что под видом возвращения «к исторической правде», «подлинной истории» Осетии, родилось под пером авторов «Истории Республики Южная Осетия». Непонятно почему, но они, авторы рецензируемой книги, уверены в том, что только они знают подлинную историю Осетии, исключительно они, как духовные пастыри видят все мелочи, нюансы, особенности осетинского народа. Поэтому, они уверены, написанное ими и есть «подлинная история Осетии», которую долгое время тщательно скрывали от народа партийно-советские органы власти, бесцеремонно вмешивавшиеся в научно-исследовательскую работу историков.

Новоявленные духовные пастыри убеждают не только учащихся средних школ и их учителей, но и все научное сообщество Осетии в настоящих, а вместе с ними и в мифических «подвигах, достижениях и успехах» осетинского народа в XVIII в. И все это для усиления патриотического воспитания, максимального подъема национального самосознания, которому они не перестают подыгрывать. Подлинность, достоверность аргументов, которые приводит авторский коллектив, мало кого интересует, особенно из числа тех, кому адресована красочно оформленная книга, ставшая по неизвестной причине почти библиографической редкостью сразу после своего появления.

Любая книга, как правило, преследует просветительские цели. Она адресована тем, кто стремится приобрести и привести в систему свои большие или не очень большие знания. Любая книга по истории адресована студентам и учащимся школ, других учебных заведений. Рецензируемая книга представляется во многих отношениях большим событием культурной жизни всей Осетии. Насколько она будет востребована учащимися, студентами Юго-Осетинского государственного университета им. А.А. Тибилова покажет еще время. А коллегам-историкам настойчиво предлагаю задуматься над целесообразностью, особенно в преподавании молодому поколению Осетии таких понятий, как «свободная Осетия», «независимая Осетия», «аланская политическая культура», которая, как утверждают авторы, уже в XVIII в. предусматривала всеобщие выборы послов Осетии, которые отправлялись в Петербург. Есть и другие вопросы, по которым коллегам-историкам придется еще много раз задуматься и вносить существенные коррективы в различные формы общения с новыми поколениями читателей Осетии.

**И последнее.** Все эти и другие недостатки, о которых здесь не сказано, свидетельствуют о том, что авторский коллектив куда-то спешил, торопился, не включив в свой состав даже опытного и авторитетного специалиста, каковым является ныне здравствующий профессор Л.А. Чибиров, а также некоторых других специалистов по истории Южной Осетии. Все это и привело к тому, что в итоге получилась красочно оформленная монография с серьезными упущениями, поверхностными «ура-патриотическими» рассуждениями и выводами, о чем приходится сожалеть.

**Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ (1941 анзи 30 августи) советон æфсæдтæ сахар Ельний алфамбулай тугъдтити ниддæрæн кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути агъазиау къуæртти.**

*Мартин ЛЮТЕР (1483-1546), немецкий теолог: «Мы не можем запретить птицам пролетать над нашей головой, но мы не позволим им садиться нам на голову и вить на ней свои гнезда. Подобно этому мы не можем запретить дурным мыслям иногда приходить к нам в голову, но мы должны не позволять им гнездиться в нашем мозгу...»*



**Япойнаг паддзахадæ æма æфсади разамунди минæвæрттæ 1945 анзи 2 сентябри америкаг линкор «Миссурий» бафинстонцæ сæ капитуляций фæдбæл гæгъæдитæ. Къарæ ист æй социалон хизæгтæй**

# ТУГЪДÆН УÆД КÆРОНГОНД БÆРГÆ ÆРЦУДÆЙ...

Дуккаг дуйнеуон тугъд цæмæй кæрæй-кæронмæ кунæггонд æрцудайдæ, уой туххæй фашистон Германий ниддæрæни фæсте ма æнæмæнгæ гъудæй, адæмти сабурдзийнадæн ма тæссаг кæмæй адтæй, еци милитаристон Японий дæр фегуппæг кæнун. Еци гъуддаг дæр бабæй æнæгъæнæйдæр æнхæстгæнгæ Советон Цæдесæн иссæй. Æма ин бантæстæй. Советон Гæрзефтонг Тухтæ хъæбæр цубур рæстæгмæ æ уæргутæбæл æрлæууун кодтонцæ аци бæсти хестауæг æфсæдти дæр. 1945 анзи 2 сентябри аци бæсти разамунди минæвæрттæ бафинстонцæ сæ бустæги састи фæдбæл æнæуæлдай радзубандий Акт.

Аци тугъд кæд цубур (1945 анзи 9 августæй ба 1 сентябри уæнгæ) рауадæй, уæддæр адтæй уæззау. Советон Гæрзефтонг Тухти тох кæнун багъудæй Маньчжурий, Корейи, Хонсар Сахалини æма Курили сакъадахтæ япойнаг æфсойнæй исуæгъдæ кæнуни фæдбæл. Фронти еугур дæргъцæ адтæй мин километремæй фулдæр.

Идард Искæсæни Советон Гæрзефтонг Тухтæн разамунд лæвардтонцæ: Сæйраг командæгæнæг – Советон Цæдеси Маршæл А.М. Василевский, Тугъдон Совети иуонг – инæлар-болкъон И.В. Шикин æма штаби сæргълæууæг – инæлар-болкъон С.П. Иванов.

Советон хецауадæ фегъосун кодта 1945 анзи 8 августи, Японий нихмæ тугъди ке бацудæй, уой туххæй. Не ’фсæдти тугъдон архæйдтитæ райдæдтонцæ 9 августи размæ æхсæвæ. Фæсбайкали фронти тугъдонти хæццæ еумæ тох кодтонцæ Манголи адæмон æфсади тугъдонтæ.

Æнтæстгинæй архайдтонцæ Идард Искæсæни фиццаг фронти æфсæдтæ. Етæ тагъд бампурстонцæ знаги федаргонд районти домбай гъæуайкæнуйнадон федæрттæмæ. Æфсæйнаг-бетон федæрттæбæл æнцойнæгæнгæй, хуæнхтæй, гъæдтæй пайдагæнгæй, япойнаг æфсæдтæ, ку зæгъæн, тох кодтонцæ карзæй. Уæлдай уæззаудæр тугъдтитæ байеудагъ æй, Центрон Маньчжуримæ бацæуæн нæдтæ ка æхгæдта, еци сахар Муданьцзянбæл. Знаг уордæмæ æрбакодта резервтæ æма ахид аразта контратакитæ, ахид рауайидæ лæгæй-лæгмæ тугъдтитæ. Не ’фсæдтæ 16 августи байахæстонцæ, знаг тухгинæй сæ нихмæ кæми лæудтæй, еци бунат – сахар Муданьцзян, 20 августи ба не ’фсæдтæ бацудæнцæ Гиринмæ, уой фæсте ба – Харбинмæ.

Знагæн карз цæфтæ кодтонцæ Идард Искæсæни дуккаг фронти æфсæдтæ. Етæ Амури Сурхтурусагин флотилий агъазæй бахизтæнцæ Амурбæл æма Уссурибæл, æма батудтонцæ знаги берæ гъæуайкæнуйнадон федæрттæ Сахаляни районы. Сунгарий дони билтæбæл размæ цæугæй, бахизтæнцæ Харбинмæ.

Квантунаг æфсад ниддæрæн кæнуни тугъдтити идардискæсæйнаг тугъдонтæ



**Плити Иссæ советон æма мангойлаг æфсæддон разамонгути хæццæ Японий æфсæдти нихмæ тугъдон цаути рæстæг. Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.**

равдистонцæ устур æхсарæ, æфсæддон дæснидзийнадæ æма дзиллон бæгъатæрдзийнадæ, Маньчжурий æма Цæгат Корейи ци федаргонд районтæ адтæй, уони пурхæ кæнгæй. Идард Искæсæни фиццаг фронти тугъдонтæ тугъди тæккæ зиндæр рæстæг сæ цард дæр не ’вгъау кодтонцæ се ’мбæлтти фæйййервæзун кæнуни æма тугъдон бардзурдтæ æнтæстгинæй æнхæст кæнуни сæрбæлтау. Æмпурсуни тæккæ фиццаг бæнтти æфсæдтæбæл райгъустæй кæстæр сержант А.Я. Фирсови, ефрейтор В.С. Колесники æма рæнгъон æфсæддон Г.Е. Попови алæмæти æскъуæлхтдзийнæдти хабар. Етæ сæхе багæлстонцæ япойнæгти федаргонд хуæцæнти амбразуритæбæл.

Еугур бæгъатæрти номгаййæй ранимайæн дæр нæййес. Айдагъ Фæсбайкали фронти 36-аг æфсади хæйтти æхсæз фæскомцæдесони, Александр Матросови хузæн хе цард нивондмæ æрхæсгæй, бавдистонцæ æнæферонхгæнгæ æскъуæлхтдзийнадæ.

Идард Искæсæни фиццаг фронти æфсæдти тагъд размæмпурсти фæрци ци рæстмæгæнæг уавæр исæвзурдæй, уомæй пайда кæнгæй, Сабур форди флот æрбагæлста десанттæ æма байахæста Цæгат Корейи порттæ Юки æма Расин. Æнтæтсгинæй æнхæстгонд æрцудæй Сейсини десантон операци дæр.

Хонсар Сахалин иссæребарæ кæнуни тугъдтитæ райдæдтонцæ 11 августи. Уæд æнтæстгинæй æмпурсун байдæдта Идард Искæсæни дуккаг фронти 56-аг фестæг корпус (командир – инæлар-майор А.А. Дьяков). Корпуси æнтæстгин æмпурстæн денгизи ’рдигæй агъаз кодта Сабур форди Цæгатаг флотили (командæгæнæг – вице-адмирал В.А. Андреев).

Уæдмæ, 18 августи райдæдта Курили сакъадахтæ иссæребарæ кæнуни десантон операци дæр. Камчатки гъæуайкæнуйнадон районы æфсæдтæ (командæгæнæг – инæлар-майор А.Н. Гнечко) Петропавловски тугъдон-денгизон бази наути æрбунæттон æнцæ, Курили сакъадахтæй Камчаткæмæ хæстæгдæр ка ’й, уоми – сакъадах Шумшуйи.

Еугур рауæнти дæр не ’фсæдтæ æмпурстонцæ æнтæстгинæй. Маньчжурий етæ августи æмбесмæ размæ бацудæнцæ 100 километрæй 500 километри уæнгæ. Инæлар Плити Иссæ разамунд кæмæн лæвардта, кæмæн командæ кодта, еци советон-мангойлаг æфсæдти бæхгин-механизацигонд къуар 18 августи бахъæрттæй Калганмæ æма Жэхэмæ, æма исæмбалдæй Китайи æстæймаг адæмон æфсади хæйтти хæццæ. Квантунаг æфсад ниддехтæ ’й æма ислæмæгъ æй тугъдтити, ниллæудтæй исæфти къахбæл. Япойнаг æфсæддонтæ æма афицертæ 19 августи берæгæйттæй сæхе дæттун байдæдтонцæ уацари. Уогæ ма си еуæй-еу япойнаг æфсæддон хæйттæ не ’нцадæнцæ, идарддæр дæр дзæгъæли тухархайд кодтонцæ советон æфсæдти нихмæ.

Япойнаг æфсæдтæ сæ гæрзтæ тагъддæр цæмæй æрæвардтайуонцæ, уой туххæй æрвист æрцудæй уæлдæфон десанттæ Чанчуньмæ, Порт-Артурмæ, Дальниймæ, Гиринмæ, Харбинмæ æма æндæр сахартæмæ. Маньчжури æма Цæгат Корейи иссæребарæгонд сахарти æма гъæути цæрæг адæм цийнæгæнгæй æмбалдæнцæ советон тугъдонтæбæл.

Советон æфсæдтæ Квантунаг æфсадæн – япойнаг милитаристти сæйраг тухтæн – ци бæрзæйсæттæн цæфтæ никкодтонцæ, етæ ахсгиаг адтæнцæ империалистон Япони бустæги ниддæрæн кæнуни гъуддаги. 1945 анзи 2 сентябри Токиой донбакæлæни линкор «Миссурий» Япони æ къох бафинста æнæуæлдай дзубандийæй æ гæрзтæ æрæвæруни туххæй Акти. Дуккаг сентябрь нимад æрцудæй Японибæл фæуууæлахези æма Дуккаг дуйнеуон тугъд фæууни Бонбæл.

Идард Искæсæни Японий нихмæ тугъди ка архайдта, еци советон тугъдонти æскъуæлхтдзийнæдтæн устур аргъгонд æрцудæй, сæ еугуремæн дæр исаккаг кодтонцæ, сæрмагондæй нисангонд ка ’рцудæй, еци хуæрзеуæг – майдан «Японибæл фæуууæлахези туххæй». Уой хæццæ ба ма 308 мин тугъдонемæй фулдæремæн лæвæрд æрцудæй тугъдон ордентæ æма майдантæ. Æфсæддон еугæндтæй, хæйттæй æма наутæй æртæсæдемæй фулдæремæн лæвæрд æрцудæй ордентæ. Æхсæз æма цуппаринсæй инæларæн, адмиралæн, афицерæн, сержанттæн, старшинатæн, рæнгъон æфсæддонтæн æма матростæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном (уони хæццæ еци цитгин ном лæвæрд æрцудæй нæ номдзуд æмзæнхон инæлар Плити Иссæн дæр. – Ред.)

* * *

Советон Цæдес Японий нихмæ тугъди ке архайдта æма фæуууæлахез æй, уомæн ес еугурдуйнеуон ахедундзийнадæ. ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухтæ Идард Искæсæни бæгъатæр тох ке кодтонцæ, уой фæрци дзæвгарæ тагъддæр рахецæн æй дуккаг дуйнеуон тугъд, берæ адæмтæ, уони хæццæ япойнаг адæм дæр, ервæзтгонд æрцудæнцæ æнæгъæуаги зиндзийнæдтæй æма зиантæй.

Японибæл фæуууæлахез ун дзæвгарæ агъаз адтæй Идард Искæсæни æма Сабур форди еугур бассейни сабурдзийнадæ исфедар кæнунæн. Фал уой фæсте æнзти америкаг империалисттæ Японий реакцион зундирахастбæл хуæст архайгути хæццæ еумæ æмвæндæй аразун байдæдтонцæ япойнаг милитаризм нæуæгæй æ къæхтæбæл æрлæууун кæнуни æма зæнхи цъарæбæл еци районы уавæр фæллæгъуздæр кæнуни туххæй хилкъахæн миутæ. Еци фæндитæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг регионы уавæр разгелæнтæ кæнгæй, нинниадæн унцæ, уæдта бабæй нæуæгæй иситинг унцæ. Цума кæдмæ уотитæ кæндзæнæнцæ, сæ тугъдкъахæн миутæ кæд ниууадздзæнæнцæ?.. Уой нæ лæдæрунцæ, æма æзнæтгæнагæ галæн фиццагидæр æхе сиуæ сæттуй?..

***Сергей ЗАХАРОВ,***
***адмирал, историон наукити кандидат***

***РЕДАКЦИЙÆЙ:*** *Идард Искæсæни япойнаг æфсæдти нихмæ тугъдтити архайдтонцæ æма устур бæгъатæрдзийнадæ бавдистонцæ иристойнаг тугъдонтæй дæр беретæ. Æма уин уони туххæй ба радзордзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.*

**В Северо-Осетинской АССР 1 сентября 1941 года, в связи с военным положением, была введена карточная система на хлеб, сахар и кондитерские изделия.**

***К сказанному следует добавить: и не позволять внедрять в наше сознание абсолютное не соответствующие истине суждения и заключения, особенно же в отношении исторических событий и фактов. Историю своего Отечества надо свято чтить в истинной ее содержательности.***





Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

# ДИГОРИ ХЪАБАН

Авд Уæхъæци муггагæй дзурдтонцæ. Раст мæгур цæрæг лæг сæ астæу исæвзурстонцæ – Дигори Хъæбан. Авд Уæхъæцей Æстъона йин цæрæнбунатæн равардтонцæ. Нæ фиддæлтæ лæгигъæдæбæл дзорагæ адтæнцæ. Сæ лæгигъæдæ – сæ дуйнемæ гæсгæ. Гъе, Дигори Хъæбани уой тухæй равзарунцæ.

Бæрцæлвид байраг, æ тæрнихи – уорс стъæлфæ, æртæ сау уæрей хæтдзæ; æрт' анзи 'й хуарæй ку исхаста. Алли анз дæр си йеу уæр æвгарста æ уæраги хъанзи бæрæг базонунмæ. Æртиккаг уæр ку нивгарста, уæд йин æ бæрæг базудта: «Мæ бæх копсиуалæ, йе 'нгъуд над нæбал фæссайдзæнæй». Уæд йин саргъи рæвдзæ дæр бакодта. Æ зæрди хæтун æрæфтудæй. Хæтуни размæ уосæ æрхонуй Баделиатæй хъумайæгæн.

Æцæг уосæ баагоруй æхе мæгур Дигори муггагæй. Уæд æцæг хæтунмæ ранæхстæр уй афæдзи æнгъудæй Гурдзистонмæ. Дигорæ йин йе 'рцудмæ нивæндтæ кодтонцæ. Æ афæдзи бони æриздахтæй Устур Мæхческæмæ.

Туйгъанти устур Туйгъан, æ фусун йимæ æркодта Дигори Хъæбан. Æ копсиуалæн æй æхе тургъи бæхбæттæнæн нивvæруй. Дигори Хъæбан медæгмæ бацæуй; æ гъар хуæрдæ, æ гъар ниуæзтæй йин уазал ниуазæн рарветуй.

Туйгъанти устур Туйгъан æ къахи фийтæбæл ниллæууй æ цийнæй: «Мæнæ мин Дигори Хъæбан æгайтима мæ ном иссирдта!» Бонмæ уой хæдзари фæббадуй. Сæумæй ранæхстæр уй йе 'гурæн бунатмæ. Æстъонамæ иссæуй. Дигорæ йе ссудмæ æримбурдунцæ. «Бонхуарз» син зæгъуй. «Æгайтима нин дзæбæх æрцудтæ!»

Афæдзи бонмæ 'й некумæбал рауагътонцæ.

Æ афæдзи бон ку æрхъæрттæй, дууæ уорс егари, копсиуали хæтдзæ цауæни рацæуй. Фиддæлти хæзна хъæрæймагæй сæумæй рæфтæмæ сагдзауæн ку кæнуй, рæфтæй изæрмæ тæрхъосдзауæн.

Æ йеу хатти рацуди Туйгъанти æфсинттæ, сæ уостæлтæ, сæ кизгутти хæтдзæ, кæрæдзей бæрæг нæ базонгæй, къæрæзгитæй уомæ кастæнцæ. Сæ уорс изæлуй къабæзтæ уомæ ку тилдтонцæ, мæнмæ рацо, мæнмæ рацо, зæгъгæ.

– Мæ бацуд, æцæг, бунати нæ уодзæнæй!

Æнгъæлдзауæй йимæ байзайунцæ. Æстъонай размæ ку иссæуй, æ бæх æ къах ракъуæруй; æ галеу къохæй æй ниццæвуй.

Дигори æмбурд сауæнги дæр уой æрцуди æнхæст дардтонцæ сæхе. Æ бæхбæл нигъгъазуй. Æ бæхи гурæнтæ – сор къанаутæ.

Хъæбардей устур коми н' адтæнцæ. Хуарз лæги хабар сæмæ цудæй. Æ бæхи лæгигъæдæ дæр æхемæ гæсгæ. Æрбаимææрветунцæ лæваргор: «Дæ бæх нин нæ йеугурей номбæл афæййади раттæ!» «Нæ» син нæ загъта. Равардта син æй. Афæдзи бони æхсæви æмбеси Æстъонай дуар æрбахуастæуй. Æ хъумайаг уоси фурт бацæуй Дигори Хъæбанмæ: «Дæ номæй дæ агурдæуй!»

Æ уæлдзар кæрцæ – йе усхъитæбæл, æ дууæ æркъей – æ къæхтæбæл, дуар райгон кæнуй; дæс бæхгини – æ дуармæ. Дигорон «æгасцæуай» син зæгъуй. Æ бæхбæл æ къох тæрнихæй думæги сæрмæ радаруй.

Хъæбардей лæвари йибæл фæййидта æвзестæй саргъ, сугъзæринæй æ ном æввард. Медæгмæ сæ бакæнуй. Дигорон цæнхæ-кæрдзинæй сæ байуазæг кæнуй. Сæумæ сæ рарветуй сæ хæдзæрттæмæ æнæ зианæй.

Хæтун æ зæрди ку æрæфтуйуй къуар бони фæсте, Хъæбардей бабæрæг кæнон, зæгъгæ.

Хъæбардейæн цуппар тегъæбæл цуппар зелæни æркæнуй. Цуппæрæймаг хатт феййафуй Биаслантæн се стур æмбурд, сæ хестæртæ сæ астæу, кæстæртæ сæбæл зилд лæудтæнцæ.

– Йа, ци дессаг æй ани æмбурд!

Басæмæцæуй, се 'мбурди кæронмæ æрлæууй, «æгас цо» зæгъæг йин нæййес. Хестæртæ æй æ бæхи тæрнихæй бафæсмæрунцæ, сæ ковæн дзаума – æвзестини цъæх махсумæ, ковæггаг уомæн раттунцæ. Æ билæ си ниттолуй уæлбæхæй, – йесæг йин æй нæййес. Æрдæгмæ 'й баниуазуй, – йесæг ин æй нæййес. Æд бунтæ 'й баниуазуй. Æ сæрбæл æй æркодта. Æ бæх кæронмæ ракæнуй. Дууердæмæ 'й раздахуй; гириз кæнун æй æнгъалдтонцæ. Æртиккаг хатт æ бæхи къембур рахатуй Дигорæмæ. Ниццæфтæ кæнуй æ бæх; сурдтонцæ Биасланти бæхгин адæм.

Фæстæмæ сæмæ ракастæй, фæдесон си нæ фæййидта. Ирæфи дони æрбахезуй. Дигори зæнхæ иссердта, тас йимæ нæбал адтæй.

Æхсæрисæри лæборæн къотæрмæ ку исхæццæ 'й, уолæвд йин равардта; æвзест йин æ бæхи фæсабæрцæ ниббæттуй, йе 'лвасæнтæ йин балвасуй, дзурд раттуй æ бæхæн: «Ке дин равардтон абони уæнгæ, фæуууæнтæ дин хæрам, ду аци æхсæвæ, Дигори хуæздæр æхсæвæр кæмæ уа, уомæ мæ ку нæ бахæссай! Æз дæр дин дзурд дæттун, Нари хестæрæн æ авд фуртемæй сæ хестæри æз рамардтон, уомæ мæ ку бахæссай, уæддæр ке нæ раздæхдзæнæн!»

Æртæ цæфи 'й никкæнуй. Æ тухæй æй рауагъта. Æцæгæй æй Нари хестæрмæ бахæссуй. Æ дзурд нæ басайдта; уæлбæхæй бадзоруй:

– Хæдзаронтæ! Иуазæг уæмæ дзоруй!

Æ фурттæй йимæ йеу ракæсуй. Дуарæй фæстæмæ баздæхуй:

– Нари хестæри фурттæ, уæ ном фесæфæд, саг фæрæтмæ æрцудæй!

Йеугайфæй сæхе рæвдзæ кæнунцæ, сæ фиди зæроид сæ базонуй. Басæфæрсуй:

– Ци кæнтæ? Мæнæн мæ тургъæмæ ка æрбацудæй, кæд мæ фурти марæг æй, мæ хъиамæттæ уин хæран фæууæнтæ, сумах уомæн йести ку кæнайтæ æнæ мæхе дзурд!

Сæ гæрзтæ æривæрунцæ.

Раимæцæунцæ йеумæ; тургъи æмбесмæ ку рахъæртунцæ, æ бæхæй рафестæг уй. «Уе 'хсæвæ хуарз» син зæгъуй. «Æгас цо, нæ хуарз иуазæг!» Сæ кæстæр йин æ бæх райсуй, æ гæрзтæ сæмæ равардта. Медæгмæ бацæуй зæронд фидæ æма зæронд мади размæ, æ гæрзтæ исесуй, фæсдуар сæ байвæруй; дигорон тæфирфæс син ракæнуй.

Зæронд лæг йимæ исдзурдта:

– Хæстæгдæр мæмæ исцо! – Æ къох йимæ раттуй: амонди хæтдзæ хæтæ, зæгъгæ. Зæронд уосæ йимæ фестуй, æ къох райсуни размæ йин æ дзедзе æ гъæлæси бакæнуй.

– Дæ къохæй ке рамардтай барæй дæр, æнæбарæй дæр, уой бæсти нин ду фæууо мах фурттæн сæ хестæр!

Байиуазæг кæнунцæ йеци æхсæвæ, æнæ зианæй сæумæ рандæуй æ хæдзарæмæ.

Æ хæдзарæмæ ку исхъæртуй, Дигори зæрæндти æримбурд кæнуй хестæргай, нимæдзæ син не 'скодта: сæдæ сæдæ сæдæ 'вдай, сæдæ сæ уæлдай.

Æстъонай мосмæ æримбурд унцæ. Авд сабати фæббадунцæ, авд фæнди сæрт 'й бахастонцæ. Сæ фæндæ ниллух уй тоги цитæ бакæнунбæл.

Балхæнунцæ дигорон хуарæй авд анзи хаст уорс гал æнæ сау æстъæлфæ, уорс дари йин æ хъури ниббæдтунцæ. Æ хæтдзæ рацæуунцæ, тоги цити фингæ сæ хæтдзæ угæй.

Нари хестæрмæ барветунцæ:

– Федауци хуасæ фæууо, адæми курд райсæ!

Дзуапп син равардта:

– Адæми курд ка нæ райса, адæмæй нæ уодзæнæй! Рахæстæг нæмæ утæ нæ бунатмæ!

Бацæунцæ уорс гал тоги цитæ финги хæтдзæ, сæ разæй æй æрлæууун кæнунцæ. Хестæргай рæнгъитæй ниллæудтæнцæ. Сæ хуæздæр гъуддаг корун адтæй.

Йеци бон бафедудтонцæ. Æстæмæй-астмæ фæббадтæнцæ. Æвзестин йеци бон тоги цитæн ниуууагътонцæ Нари хестæрæн. Рацудæнцæ сæ хæдзарæмæ.

Дигори муггагæн тоги федауцæ фæстагонтæн байзайуй йеци бонæй аци бонмæ.

* * *

*Аци таурæхъ адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнгутæн радзурдта Чиколай цæрæг Тауасити Мæхæмæт 1928 анзи 3 январи. Мах ба 'й мухур кæнæн, номдзуд ахургонд Салæгати Зойи бацæттæгондæй 2007 анзи Дзæуæгигъæуи ци дууæтомон æмбурдгонд «Ирон адæмон сфæлдыстад» уагъд æрцудæй, уой дуккаг томæй (631-633-аг фæрстæ). Мухур æй кæнæн, киунуги кутемæй мухургонд æрцудæй, уотемæй, æ ниффинсти уагæмæ ин – æвзаги нури фæткитæмæ гæсгæ – неци æййивддзийнæдтæ бахæсгæй.*

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2027 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**Нæ зæрдæ дарæн, æма иннæ æнзтæй уæлдай нæ дзиллæ æновуддæр разиндзæнæнцæ нæ газет «Дигорæ»-бæл, дзиллондæрæй æй рафинсдзæнæнцæ æма æцæгæйдæр еугурадæмон исуодзæнæй.**

**Священник Иоанн Мревлов в 1856 году в сел. Вольно-Христиановское (г. Дигора) открыл церковно-приходскую школу. Свою квартиру он отдал под приют, который содержал на собственные скудные средства.**

*Пациент спрашивает стоматолога:*
*– А почему сегодня так дорого? Это ведь дороже в три раза!..*
*– Сегодня вы так кричали, что отпугнули двух клиентов...*

☺ ☺ ☺

*Две санитарки обсуждают:*
*– Кто это так громко плачет? Не та ли тройня, что родилась сегодня ночью?*
*– Нет, мне кажется, это их отец в коридоре.*

## ХУМИ УÆРЦЦÆН Æ ЦАРД Æ ЗÆРДÆМÆ НÆ ЦУДÆЙ ÆМА ХУЦАУИ ЦАРДМÆ БÆЛДТÆЙ...

# ЕСКЕ БАЗУРТÆЙ ТÆХÆН НÆЙЙЕС!..



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

***Еу хецау, дан, нæ кустмæ афойнадæбæл нæ цудæй, нæ косгæ кодта. Æма ин уой æ хуæдæййевæг æ цæстæмæ ку бадардта, уæд ин загъта: «Æз косгæ ку кæнинæ, уæд ду ами нæбал косисæ!..»***

***Ду ба дæ кустæй арази дæ æви нæ, уæдта хецау исунмæ цæйбæрцæбæл бæллис, уой исбæлвурд кæнунæн кæдимайди ба фæййагъаз уиуонцæ нæ абони æрфарсти фарстатæ.***

**1. Æригонæй ду уисæ:**
**а)** Ци адтæн, уомæй байзадтæн.
**б)** Тæхсæл адтæн, еу рауæн нæ бадтæн.
**в)** Сабур, мадзора адтæн.

**2. Еци-еу кусти бунати цæйбæрцæ рæстæг косис?**
**а.** Цалинмæ хецау æ хеуæнтти ивазуй хæрдмæ. Уæдта æ хæццæ бахæстæг кæнинæ?
**б)** Хецауи гъоси бацæгъдун гъæуй, цæмæй мæ кусти фæууæлдæр кæна.
**в)** Еу бунати берæ нæ гæдзæ кæнун. Ахид мæ раййевæ-баййевæ кæнунцæ, кенæ ба ма фæббæрзонддæр кæнунцæ.

**3. Куд дæмæ кæсуй, дæ кусти мизд дæ аккаг æй?**
**а)** Фæффулдæр кæнун дæр ин æнгъезуй.
**б)** Мæ зæрдæмæ цæуй. Премитæ дæр мин дæттунцæ.
**в)** Хъæртуй мин барæ-æнæбари.

**4. Сæумæй кустмæ нæхстæргæнгæй цæбæл фæгъгъуди кæнис?**
**а)** Офисмæ бацæудзæнæн, къофи бацумдзæнæн æма мæ цард фæххицціагдæр уодзæнæй.
**б)** Бони дæргъи ци бакæнуйнаг дæн, уони номхигъд фæррахатæ-бахатæ кæнун.
**в)** Майрæнбони уæнгæ ма ци бæнттæ байзадæй, уони нимайун.

**5. Дæ хецауи хæццæ уæ рахастдзийнæдтæ куд æнцæ?**
**а)** Ци мин зæгъа, уой исæнхæст кæнун. Æ хæццæ буцæутæ кæнунбæл мæ хъæуритæ нæ исафун. Сагъæс кæнун уомæ хауй.
**б)** Кусти куд фæууй, уотæ. Æнæ рабуцæу уæн дæр нæййес.
**в)** Æ хæццæ фембæлунæй мæхе тилеф кæнун.

**6. Уæ хайадæн ахсгиаг куст ихæсгонд æрцудæй æма 'й тагъд исæнхæст кæнун гъæуй. Ци кæндзæнæ?**
**а)** Ци мин байхæс кæнонцæ, уой æнхæст кæндзæнæн.
**б)** Иннетæ гъезæмарæ кæнæнтæ. Уогæ бустæги æдзæллаг уавæр ку исæвзура, уæд фæййагъаз кæндзæнæн.
**в)** Гъуддаг мæ къохтæмæ райсдзæнæн.

**7. Де 'мкосгути 'хсæн дин лимæнтæ ес?**
**а)** Нæ коллектив æнгом баст æй кæрæдзебæл. Еугур бæрæгбæнттæ дæр еумæ фæббæрæг кæнæн.
**б)** Ес, фал еугæйттæ.
**в)** Хумæтæги æмгустади рахастдзийнæдтæ, æндæр неци.

**8. Куд дæмæ кæсуй, хуæздæр разамонгутæ...**
**а)** Коллективи уæхæн уавæртæ исаразунцæ æма си æ гъуди æргомæй зæгъунæй неке тæрсуй. Фал уæддæр унаффæ ба сæхуæдтæ хæссунцæ, бæрнондзийнадæ дæр сæхемæ хауй.
**б)** Алли косæгмæ дæр агорунцæ хецæн бацуд.
**в)** Иннети мæти не 'фтаунцæ.

**9. Хуæздæр дæмæ ци кæсуй?**
**а)** Хæдзари хецæнæй косун.
**б)** Хуарз фæсевæд кæми уа, уæхæн коллективи косун.
**в)** Дæсни косгути хæццæ фæрсæйфарсмæ косун.

**Ци дзуæппитæ равзарай, уонæн исаргъ кæнæ мæнæ айбæрцæ баллтæй:**
2 балли: 1Б, 2В, 3Б, 4Б, 5В, 6В. 7Б, 8А, 9В.
Еугай баллтæ: 1А, 2Б, 3В, 4А. 5А. 6А. 7В. 8Б, 9А.
Ноль балли: 1В, 2А, 3А, 4В, 5В, 6Б, 7А, 8В, 9Б.

### НУР БА ÆРÆМБУРД БАЛЛТÆ ЕУМÆ БАНИМАЙЕТÆ ÆМА ИСКÆНЕТÆ ХАТДЗÆГТÆ

**14-18 БАЛЛИ:** Ду æцæг разамонæг дæ, æма, æвæдзи, хецау исдæ. Кенæ ба, фæсаууонæй разамунд дæттунмæ ка арæхсуй, уомæ гæсгæ ба дæхе не 'ргом кæнис. Дæ бон æй дæ хецауи дæр райеуварс кæнун æма ин æ бунат байахæссун. Фал ди иронх ма уæд, цийфæнди аццагъуæгин ку уай, уæддæр дæ гъæуй хе командæ, агорæ æмцæдесонтæ. Æма дæ нихмæлæууæгæн аккаг аргъ нæ искæнунæй тæрсæ – дæ нури хецау дæр уой размæ кедæр æ бунатæй ранхуæрста.

**8-13 БАЛЛИ.** Ду раздзæуæг дæ – фал дæ меднимæр. Ци къабази косис, уоми лæгъуз нæ арæхсис. Фал æгæр æфсæрмигæнагæ ке дæ, уомæ гæсгæ ба дæхецæн нæ аккаг кæнис дæ хецауи бунат байахæссунбæл архайун. Æви дæмæ адтæй уæхæн гъудитæ? Нæ? Мадта идарддæр уотемæй косæ дæ уоди æхцæуæнæн. Маци, уоми дæр дæ балæдæрæн ес: цæмæн гъæуй дæхе уæлдай ихæстæй уаргъгин кæнун.

**0-7 БАЛЛИ.** Зæгъун æнгъезуй, æма ду дæ хуæрзæгъдаугин косæг. Рæстзæрдæй косис, сабургай ирæзис дæ кусти гъуддаги. Дæ хецауи æ бунатæй ранхуæрсун дин нисан нæй. Ес дин уомæй ахсгиагдæр гъуддæгутæ. Хецау ба? Ци 'й, цæрæд æма косæд, уомæн æма уой фæрци берæ цæбæлдæрти исахур уодзæнæ.

## НА ПУТИ ЛЕНТЯЯ ВСЕГДА КОЛЮЧАЯ ИЗГОРОДЬ...

Помни, начальник соображает быстрее тебя! И, пока ты медленно обдумываешь хорошее решение, он уже быстро принимает плохое…

* * *

– Серега, чего ты так долго с женой-то говорил?
– Ты, Колян, не представляешь, какая она тупая! Я на нее так орал! Матерился на всю улицу. Ко мне даже гастарбайтеры подошли, спросили, куда щебень разгружать, думали, я прораб.

* * *

Резолюция древнегреческого чиновника:
– В просьбе о предоставлении точки опоры Архимеду отказать: еще перевернет чего-нибудь.

* * *

– Сегодня встал спозаранку, отжался 30 раз, принял холодный душ, пришел раньше на работу. Теперь, как дурак, сижу один в офисе, не выспавшийся, руки болят и по пути простыл…

* * *

– Доктор, я вот вечером считаю овец и сразу засыпаю.
– Это хорошо.
– Что ж тут хорошего? Под утро одной-двух недосчитываюсь. Я же чабан.

* * *

Объявление:
– Если Вы считаете, что достойны заработка от 500 долларов в день, присылайте свои резюме по нашему адресу. А то нам как-то скучно.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:

**1. Адæмон таурæхъмæ гæсгæ циуавæр зайæгой ирæзуй, æлгъист æма тæрегъæдгин адæймæгутæ кæми фæммард унцæ, еци рауæнти?**
**а)** Бæхисиндзæ. **б)** Пуруса. **в)** Тъупгæнагæ синдзæ.

**2. Альпинисттæн фусунуат «Еуæндæсей фусунуат» («Приют одиннадцати») 1938 анзæй ба 1998 анзи уæнгæ кæци хонхбæл адтæй?**
**а)** Эльбрус. **б)** Хъазбег. **в)** Дыхтау.

**3. Силгоймæгти нæмттæй кæци бердзейнаг æвзагæй æй ку ратæлмац кæнай, уæд амонуй «къулух»?**
**а)** Глафирæ. **б)** Клавдия. **б)** София.

**4. «Фæррасуг дæ кæндзæнæй, дæ билтæбæл нæ бамбæлгæй», зæгъгæ, араббæгтæ циуавæр дедегæй фæззæгъунцæ?**
**а)** Уарде. **б)** Тюльпан. **в)** Гигина.

**5. Æнæмæнгæ ин фæййагъаз уодзæнæй фæууæлахез унæн, зæгъгæ, си ке æруагæс кодта, уомæ гæсгæ номдзуд император Наполеон еуаддзуг æ хæццæ ци хъазар дор дардта, е куд хуннуй?**
**а)** Алмаси **б)** Дзиндзи. **в)** Налхъутналмас.

**6. «Тугъди ка нæ адтæй, уой тугъди тухæй дзоруни барæ нæййес…» – уотæ дуйней киноаййевади архайгутæй ка загъта?**
**а)** Марлен Дитрих. **б)** Брижит Бардо. **в)** Ален Делон.

**7. Цæгат Иристони номдзуддæр фæлладуадзæн рауæнтæй еу, Цъæйи курорт кæци анзи байгон æй?**
**а)** 1923. **б)** 1924. **в)** 1930.

**8. «Æфсæддони топп нæ, фал минкъий ахургæнгути абетæ гъæуама дæттонцæ фæткæ дуйнейæн…» Аци гъуди ка загъта Иристони рохситаугутæй?**
**а)** Ардасенти Алихан. **б)** Гассити Афанасий. **в)** Уруймæгти Харитон.

**9. Цæгат Иристони композиторти Цæдес кæци анзи арæзт æрцудæй?**
**а)** 1925. **б)** 1930. **в)** 1938.

* * *

**Аци фарстати фæдбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Нур ба мухур кæнæн нæ газети номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппитæ:**
**1.** Галиций. **2.** Федаргæнæн (скрепкæн – æ бæрзæндæ 'й æртæ метри). **3.** Олимпиадæ. **4.** Къумбул. **5.** Александр III. **6.** Амфитритæ.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 1844.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.08.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.08.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**